Nalika malêm Salasa Kliwon, tanggal kaping: 18 – 19 Ruwah 1849, utawi kaping 19/20 Mei 1919, wanci jam 1 – 2 dalu, wontên swara jumlêgur mawanti-wanti kadya gêlap mangampar [6] kêpirêng saking padunungan kula ngantos damêl kageting para titiyang ing dhusun ngadhusun. Ing nalika punika kula gragapan tangi lajêng mêdal ing jawi, bok bilih rêdi latu ing padunungan kula ingkang nama Rêdi Marapi, ingkang sampun lami kakabarakên badhe anjêblug, ing dalu punika katêmahan. Ananging sarêng tetela ing pamawas tuwin pamireng kula bilih Rêdi Marapi wau wilujêng botên wontên kara-kara, kados punapa bingah sarta ayêming manah kula, srêp srêp asrêp kados siniram ing tirta marta, clês rumasuk sumrambah ing angga, ewadene rehning ing dirgantara taksih tansah kêpirêng kumlokoring swara ingkang jumlêgur wau, sarta dununging swara ing sisih wetan saking padunungan kula mila ing manah botên sah ngandhut	Pada malam Selasa Kliwon, tanggal: 18/19 Ruwah 1849 atau 19/20 Mei 1919 jam 1 sampai 2 malam ada suara menggelegar berulang kali seperti petir, terdengar sampai di tempat tinggal saya hingga membuat terkejut semua orang di desa-desa. Pada saat itu saya terbangun kemudian turun keluar (rumah) barangkali gunung berapi di tempat tinggal saya yang bernama Gunung Merapi, yang sudah lama diberitakan akan meletus pada malam hari itu terjadi. Akan tetapi setelah jelas penglihatan dan pendengaran saya kalau Gunung Merapi selamat tidak terjadi apa-apa, betapa senang dan tenteramnya hati saya, dingin-sejuk seperti disiram air segar, segar merasuk ke seluruh tubuh. Namun oleh karena di angkasa masih selalu terdengar suara gemuruh menggelegar yang berasal dari arah timur dari tempat tinggal saya, maka dalam hati selalu merasa khawatir dan prihatin, barangkali Tuhan Yang Maha Agung memberi hukuman kepada umatnya yang

kuwatos lan prihatos, bok bilih Gusti ingkang Maha Agung paring bêbêndu dhatêng umatipun ingkang sami dudunung ing abdheling Blitar lan sakiwa-têngênipun, ingkang awit dening panjêblugipun rêdi Kelut malih. Ananging kuwatos sarta prihatosing manah kula wau dangu-dangu saya ical, amargi kula kengêtan, bilih parêden Gamping abdheling Klaten, ingkang ugi kêprênah sawetaning padunungan kula, sabên-sabên dipun dhinamiti kapêndhêt gampingipun dening pabrik gamping ing Kitha Klaten. Sarta rawa ing Jombor ingkang dumunung cêlak lan parêden gamping wau, rehning jêmbaripun ewonan bahu, wontên satunggaling tuwan-tu[7]wan kabudi-dayan têbu ingkang ambudi ngêsatakên rawa wau badhe kaolah dados pasabinan. Pambudidayanipun sarana damêl susukan ingkang ugi sok mawi anggêmpur parêden kaliyan dhinamit.	bertempat tinggal di afdeling Blitar dan sekitarnya, yang disebabkan oleh meletusnya Gunung Kelut lagi. Akan tetapi, kekhawatiran dan keprihatinan hati saya tersebut lama-kelamaan hilang, sebab saya teringat bahwa pegunungan Gamping di afdeling Klaten yang juga berada di sebelah timur tempat tinggal saya setiap saat di dinamit diambil batu gampingnya oleh pabrik gamping di Kota Klaten. Serta rawa di Jombor yang berada di dekat pegunungan gamping tadi, oleh karena luasnya ribuan bahu. (sangat luas), ada salah seorang tuan pembudidaya tebu yang berusaha mengeringkan rawa tersebut, akan diolah menjadi persawahan. Usaha itu dilakukan dengan cara membuat susukan yang juga dengan cara menggempur gunung dengan dinamit.
Dados pangintên kula swara ingkang damêl hêmaring manah wau inggih swaraning dhinamit ingkang sawêg anggêmpur parêden, saya adamêl kandêling pangintên kula, bilih swara wau botên saking panjêblugipun rêdi Kelut, manawi ngengêti anggenipun sampun anjêblug kala tanggal kaping 21 Mei 1901. Dados anglêngkara yen	Jadi, perkiraan saya suara yang membuat was-was hati tadi adalah suara dinamit yang sedang menggempur pegunungan. (Hal itu) membuat semakin tebalnya keyakinan saya, bahwa suara tadi bukan dari meletusnya Gunung Kelut. (Apa lagi) kalau mengingat (Gunung Kelut) sudah meletus pada tanggal 21 Mei 1901. Jadi

anjêbluga malih, amila kula lajêng mapan tilêm malih.	musthahil kalau meletus lagi. Oleh sebab itu saya kemudian tidur lagi.
Ing wanci enjing satangi kula tilêm, sadaya gagasan kula ing dalunipun malih babar pisan, wangsul amastani bilih swara jumlêgur mawanti-wanti ingkang kêpirêng ing wanci dalu inggih saking panjêblugipun Rêdi Kêlut, amargi wêkdal enjing wau ing padunungan kula wontên jawah awu, sumawana kêwimbuhan gumyahing pawartos, bilih Rêdi Kêlut yêktos anjêblug, wêwah-wêwah ing sisih wetan sakêdhap-sakêdhap taksih kêpirêng swara gumlêgêr.	Pada pagi hari setelah saya bangun tidur, semua pikiran saya semalam berubah total, kembali mengira bahwa suara menggelegar berulang kali yang terdengar semalam benar karena meletusnya Gunung Kelut, sebab pada pagi itu, di tempat tinggal saya ada hujan abu. Serta ditambah hebohnya pemberitaan kalau Gunung Kelut sungguh-sungguh meletus. Terlebih lagi di arah timur sebentar-bentar masih terdengar suara menggelegar.
Rehning ingkang sampun kêlampahan panjêblugipun Rêdi Kêlut sagêd angwontênakên bêgowong ngantos dumugi ing padunungan kula, amila para titiyang ing dhusun-ngadhusun sami mlampah pating sliri nyangking gêndul mêntas utawi badhe tumbas lisah, kangge jagi-jagi bok bilih kêtêmahan bêgowong. Ananging wusananipun botên, namung timbrêng sawatawis saha jawah awu pating klêpyur ngantos kalih dintên, inggih punika wiwit Salasa Kliwon enjing dumugi Rêbo Lêgi sontên.	Oleh karena yang sudah terjadi meletusnya Gunung Kelut dapat menyebabkan gelap gulita (gerhana) sampai di tempat tinggal saya, maka orang-orang di desa-desa berjalan mondar-mandir membawa botol habis atau akan membeli minyak untuk berjaga-jaga barangkali terjadi gelap gulita. Akan tetapi akhirnya tidak (terjadi), hanya agak remang-remang serta hujan abu mengguyur hingga selama dua hari, yaitu mulai Selasa Kliwon pagi sampai Rabu Legi sore.
Wondene kawontênanipun ing pamulangan, murid-murid sami rame nyuwun supados	Adapun suasana di sekolahan, murid-murid ramai minta agar dibubarkan tetapi tidak dituruti.

kabibarakên, ananging botên kapiturutan. Sanajan tetela manawi botên bêgowong, ananging sarehning watak lare, dados sarêng sampun kalinthing jam satunggal wancinipun mantuk, kados punapa rame sarta solahipun murid-murid anggening sêlak kêsêsa badhe mantuk, age-age dumugia ing griya rêbut dhucung rêbat rumiyin.	Meskipun jelas kalau tidak terjadi gelap gulita, namun karena sifat anak-anak, jadi begitu sudah (terdengar) lonceng jam 1 waktunya pulang, betapa ramai dan tingkah para murid yang ingin segera pulang, ingin segera tiba di rumah, berebut saling mendahului.
III. KAWONTENAN ING KITHA BLITAR LAN PANGGENAN SANES-SANESIPUN	**III. KEADAAN DI KOTA BLITAR DAN TEMPAT-TEMPAT LAINNYA**
Nalika malêm Salasa Kliwon, antawisipun jam 1 – 2, ing Paresidhenan Kêdhiri lan sakiwa-têngênipun kraos wontên lindhu. Ananging sarehning kawontênanipun lindhu wau sajak botên mutawatosi, mila para titiyang ing Paresidhenan Kêdhiri botên pisan-pisan angintên, bilih Rêdi Kêlut badhe anjêblug, amargi ingkang sampun, inggih punika [9] nalika panjêblugipun kala tanggal kaping 21 Mei 1901, ing saderengipun sampun wontên tandha-tandha ingkang anggigirisi.	Ketika malam Selasa Kliwon antara pukul 1 – 2, di karesidinan Kediri dan sekitarnya terasa ada gempa. Namun karena keadaan gempa tadi tidak mengkhawatirkan, maka orang-orang di Karesidinan Kediri sama sekali tidak menyangka kalau Gunung Kelut akan meletus, sebab yang sudah yaitu ketika meletus pada tanggal 21 Mei 1901, pada waktu sebelumnya sudah ada tanda-tanda yang mengerikan.
Ananging dangu-dangu lindhu wau saya kraos sangêt. Pucaking Rêdi Kêlut sakêdhap-sakêdhap kêtingal angêdalakên latu, ing	Akan tetapi lama-lama gempa tadi semakin terasa. Puncak Gunung Kelut sebentar-bentar tampak mengeluarkan api. Di

ngawiyat kêtingal pêtêng andhêdhêt lilimêngan. Ewa samantên sanajan pêtêngipun kalangkung-langkung, saubêngipun Rêdi Kêlut kêtingal padhang kados raina, amargi kêsunaran ing kilat thathit liliwêran lan wêdaling latu saking pucaking rêdi.	langit kelihatan gelap gulita. Namun begitu walau gelap teramat sangat, di sekeliling Gunung Kelut tampak terang seperti siang hari, karena tersinari cahaya kilat yang berseliweran dan keluarnya api dari puncak gunung.
Ing nalika punika para titiyang ing Paresidhenan Kêdhiri, langkung-langkung ing apdheling Blitar, sampun sami angintên bilih Rêdi Kêlut badhe anjêblug, mila titiyang ing ngriku lajêng pating bilulung solahipun kados gabah dipunintêri. Botên antawis dangu, ing Rêdi Kêlut kêpirêng swara jumlêgur anggigirisi kados amêcahna kêndhangan kuping. Lindhu saya agêng, pangraos bumi gonjang-ganjing, ing ngawiyat kêtingal abrit angatirah. Kacariyos anjêblug ingkang kaping kalih, pucaking Rêdi Kêlut sisih kidul amblêg, angêblêgi kawah andadosakên bêna ladhu lan lahar, ingkang wiyaripun ngantos 5 pal. Ing nalika punika swaranipun kumrosok, gumaludhug anggigirisi. Lampahing bêna kados kilat thathit, pundi ingkang kêtrajang tatas rantas, papal kaparapal gêmpang gusis tanpa tilas. Udakawis 20 mênit bêna wau [10] sampun angêlêbi kitha Blitar, andadosakên geger apuyêngan. Swaraning	Pada waktu itu semua orang di Karesidenan Kediri terlebih afdeling Blitar sudah mengira kalau Gunung Kelut akan meletus. Oleh karenanya orang-orang di tempat itu kemudian kebingungan, tingkahnya seperti padi ditampi. Tidak lama kemudian di Gunung Kelut terdengar suara menggelegar mengerikan, bagaikan memecahkan gendang telinga. Gempa semakin besar, terasa bumi bergoyang, di langit tampak merah merona. Diceritakan meletus yang kedua kali puncak Gunung Kelut sebelah selatan runtuh menimpa kawah menyebabkan banjir lumpur dan lahar yang lebarnya sampai 5 pal (± 7,5 km). Ketika itu suaranya bergemuruh, mengerikan. Jalannya banjir bagaikan kilat, setiap yang diterjang habis tuntas, rusak tak berbekas. Kira-kira 20 menit banjir tersebut sudah menggenangi Kota Blitar, membuat gempar kacau balau. Suara orang riuh bercampur baur antara suara jeritan, teriakan serta permintaan

titiyang rame pating jlêrit pating brêngok pating trulung, sumawana gumêbruging wit-witan lan griya agêng-agêng ingkang ambruk tuwin sapanunggilanipun, ngantos kados hangorêgakên bumi.	tolong, ditambah dentuman suara robohnya pepohonan serta rumah-rumah besar yang roboh dan lain sebagainya, hingga seperti meng-goncangkan bumi.
Sanalika ing Blitar ical sipating kitha, santun dados sagantên lahar, pêtêng andhêdhêt lilimêngan kados tinutup ing mêndhung ingkang jala-ran saking dêrêsipun jawah awu. Inggiling lahar ± 1.60 m, griya-griya saubênging alun-alun sami kêrisakan sadaya, griya gêdhong kathah ingkang jugrug. Kampung Cina, Walandi, Jawi, ingkang adêging griya satunggal lan satunggalipun ragi têbih kenging kawastanan botên ngukup, namung griya-griya gêdhong ingkang dhempet lan gagandhengan botên patosa risakipun, ananging tembokipun inggih kathah ingkang sami jugrug, kadosta: dalêmipun Kangjêng Tuwan asisten Rêsidhen, dalêm kabupaten, kantor pos, kantor bank, klinik, hotel, pakunjaran, tuwin sanes-sanesipun.	Seketika di Blitar hilang wujudnya sebagai kota, berubah menjadi lautan lahar. (Suasana) gelap gulita seperti tertutup awan yang disebabkan oleh derasnya hujan abu. Tingginya lahar kurang lebih 1,6 m, rumah-rumah di sekeliling alun-alun semua rusak, rumah tembok banyak yang runtuh. Perkampungan Cina, Belanda, Jawa yang bangunan rumahnya antara satu dan lainnya agak jauh dapat dikatakan tidak tersisa. Hanya rumah-rumah tembok yang berhimpitan dan bergandengan tidak begitu rusak, tetapi temboknya banyak yang jebol, seperti: rumah-nya tuan asisten residen, rumah kabupaten, kantor pos, kantor bank, klinik, hotel, rumah tahanan dan lain-lainnya.
Pakunjaran isi pasakitan 900, nalika dhatênging lahar sami menek ing kori tosan, swaranipun rame sangêt pating brêngok nêdha tulung supados kawênganan, ananging tanpa damêl. Titiyang wau lajêng sami gadhah reka mêndhêti tong ingkang sami wontên	Rumah tahanan berisi 900 orang, ketika datangnya lahar (para napi) memanjat pintu besi. Suaranya sangat ramai berteriak-teriak minta tolong agar dibukakan, namun tanpa hasil. Orang-orang tadi kemudian mempunyai akal mengambil kaleng yang ada di dalam kamar untuk

salêbêting kamar ngriku kangge ambandhêmi tem[11]bok. Sarana akal ingkang makatên, sarta awit saking santêring lahar, tembok wau sagêd ambrol lan wontên ingkang ambruk. Pasakitan watawis tiyang 100 sagêd lumajêng mêdal, sanesipun pêjah kêblabak. Ewa samantên sanajan pasakitan 100 wau sagêd mêdal, botên antawis dangu ugi kêtukup dhatênging lahar lajêng sami pêjah, jalaran lahar saya dangu saya agêng.	melempari tembok. Dengan cara begitu, serta karena derasnya arus lahar, tembok tersebut bisa jebol dan ada yang roboh. Orang-orang tahanan kira-kira 100 orang bisa lari keluar, lainnya mati terbenam. Namun begitu, walaupun tahanan 100 orang tadi bisa keluar, tidak lama kemudian juga terjebak oleh datangnya lahar kemudian mati semua karena lahar semakin lama semakin besar.
Lepen-lepen sami bêna, toyanipun kados umob. Dintên Salasa siyang, mayit-mayit sami kêtingal pating krambang anut bênaning lepen Brantas. Kêtingaling mayit sami matêng lan lonyoh sadaya. Kêjawi tiyang, ugi kathah bathanging ulam-ulam lan kewan sanesipun ingkang pating krampul sami keli. Sadaya mayit lan bathang ingkang sami keli wontên ing lepen Brantas wau, kathah ingkang sami kêsangsang wontên ing lepen Surabaya lan Porong. Ing lepen Surabaya wontên mayiting pawestri bongsa Jawi ingkang kêsangsang, kêtingal taksih anggendhong anakipun sarta sampun lonyoh, tuwin wontên mayiting bongsa Eropah jalêr estri ingkang gagandhengan tangan. Ing krêtêg Babagan Kêdhiri, kathahing mayit ingkang sami kêsangsang	Sungai-sungai semua banjir, airnya seperti mendidih. Hari Selasa siang mayat-mayat kelihatan terapung sepanjang (aliran) banjir di Sungai Brantas. Kelihatannya semua mayat matang dan melepuh. Selain orang, juga banyak bangkai ikan dan binatang lainnya yang terapung hanyut. Semua mayat dan bangkai yang hanyut di Sungai Brantas tadi banyak yang tersangkut di Sungai Surabaya dan Porong. Di Sungai Surabaya ada mayat wanita Jawa yang tersangkut, tampak masih menggendong anaknya serta sudah melepuh. Juga ada mayat orang Eropa laki-laki perempuan yang bergandengan tangan. Di jembatan wilayah Kediri banyak mayat yang tersangkut lebih kurang 600 jiwa, di jembatan Kertosono kira-kira lebih dari 700 jiwa.

± 600 jiwa, ing krêtêg Kêrtasana watawis 700 jiwa langkung.	
[12] Sasuruting bêna, ing salêbêtipun kitha Blitar, sadaya ingkang kêtingal adamêl ngêrêsing manah. Kakajêngan ingkang agêng-agêng, gêmpuran pagêr banon tuwin sapanunggilanipun sami kêtingal matumpa-tumpa tumpuk, kaurugan ing ladhu ingkang inggilipun ± 65 cm. Sela ingkang agêng-agêng, malah wontên ingkang agêngipun 3 m³, sami malang megung samargi-margi. Ing pundi-pundi panggenan kathah mayit ingkang sami kêpêndhêm, wontên ingkang kêtingal sami congat-congat suku utawi tanganipun. Kacariyosakên: "Kitha Blitar ngantos mambêt bangêr jalaran saking kathahipun mayit ingkang sami kurugan ladhu. Titiyang ingkang taksih sami manggih wilujêng sakêlangkung mêmêlas sangêt, pating bilulung sami botên gadhah griya, tur pangangge kantun ingkang tumemplek ing badanipun.	Setelah banjir reda, di wilayah Kota Blitar, semua yang tampak membuat hati pilu. Pepohonan besar, reruntuhan pagar bata dan sejenisnya tampak bertumpuk-tumpuk tertimbun lahar yang tingginya ± 65 cm. Batu-batu besar, bahkan ada yang besarnya hingga 3 m³ berserakan di jalan-jalan. Di berbagai tempat banyak mayat tertimbun, ada yang tampak kaki atau tangannya menjulur keatas. Diceritakan: Kota Blitar sampai berbau anyir karena banyaknya mayat yang tertimbun lahar. Orang-orang yang masih selamat keadaanya sangat memprihatinkan. Semua kebingungan karena tidak memiliki rumah, lagi pula pakaian yang tertinggal hanyalah yang melekat dibadannya.
Wondene panggenan sanesipun ingkang sami kêrisakan kados ingkang kasêbut ing ngandhap punika. Ing saantawisipun Talun lan Garum, Blitar lan Rêjatangan, ril sepur SS sami pêdhot kêsingsal têbih, makatên ugi tanggul-tanggulipun sami dhadhal	Adapun tempat lainnya yang rusak seperti disebutkan dibawah ini, (yakni) diantara Talun dan Garum, Blitar dan Rejatangan, rel sepur SS putus terbuang jauh. Begitu juga tanggul-tanggulnya semua jebol diterjang banjir. Oleh

katêmpuh ing bêna, jalaran saking punika lampahing sêpur namung dumugi ing Kalipucang.	karena itu, jalannya kereta api hanya sampai di Kali Pucang.
Salasa siyang jam satêngah sawêlas, ing Malang lan Lawang taksih kêtingal pêtêng andhêdhêt, pundi-pundi panggenan sami nyumêt lampu. Jalaran saking dêrêsipun jawah awu, kathah tatanêm[13]an lan wit-witan ingkang sami kêrisakan. Ing Malang kandêlipun awu ngantos pintên-pintên dim. Makatên ugi ing kitha Kêdhiri, jawahipun awu inggih dêrês sangêt, Salasa siyang jam sadasa taksih pêtêng andhêdhêt, langkung-langkung ing kitha Tulungagung. Sanajan elêktris têrus kasumêt, ewadene ing dirgantara taksih kêtingal alilimêngan. Kitha Nganjuk makatên ugi, Salasa siyang taksih kêtingal andumuk irung.	Selasa siang jam setengah 11.00 di Malang dan Lawang masih tampak gelap gulita. Di semua tempat menyalakan lampu. Karena begitu derasnya hujan abu, banyak tanaman dan pepohonan yang rusak. Di Malang tebalnya abu sampai beberapa dim. Demikian juga di Kota Kediri, hujan abunya juga sangat deras. Selasa siang jam 10.00 masih gelap gulita. Terlebih di Kota Tulungagung. Walau lisrik terus dinyalakan namun di angkasa masih tampak gelap. Kota Nganjuk begitu juga, Selasa siang masih tampak gelap.
Titiyang ing kabudidayan Bêndharêja, ingkang nandhang sakit sangêt ± 83 jiwa, sadaya wau sami kabêkta dhatêng griya sakit ing Kêdhiri lan Pare. Tanah pêrsil Kalicilik ± 42 jiwa kêlêbêt sindêripun sami ical botên kantênan katut ing bêna. Namung sindêripun sagêd kêpanggih wontên Kêdhiri lajêng kakubur ing ngriku. Tiyang lan kewan-kewan ing kabudidayan Galuhan pintên-pintên atus jiwa ugi ical botên kantênan katut ing	Orang-orang di kebudayaan Bendorejo yang menderita sakit kritis ± 83 jiwa. Semua dibawa ke rumah sakit di Kediri dan Pare. Tanah Persil Kalicilik kira-kira 42 jiwa termasuk sindernya hilang tidak karuan terhanyut oleh banjir, demikian juga tanah persil di Nanasan. Hanya sindernya dapat di temukan di Kediri kemudian di kubur di tempat itu. Orang dan hewan di kebudayaan Galuan beratus-ratus jiwa juga hilang tidak

bêna. Makatên ugi tanah pêrsil ing Nanasan.	karuan terhanyut oleh banjir. Begitu juga di tanah Persil Nanasan.
Ing Kadhêstrikan Srêngat ugi kêrisakan sangêt, tiyang ingkang ical boten kantênan ± 12.000 jiwa, ingkang pêjah 4.000 jiwa. Dhêstrikipun sagarwa putra tuwin kumpeni 7 jiwa ugi katut ical tanpa lari.	Di distrik Srengat juga rusak berat. Orang yang hilang tidak ketahuan nasibnya ± 12.000 jiwa, yang meninggal 4.000 jiwa. (Kepala) Distriknya beserta istri dan anak-anaknya serta kumpeni sebanyak 7 jiwa juga ikut hilang tidak ditemukan.
Kaondêran Udanawu datan mangga puliha. Ondêripun, mantri panjuwal saanak-rayat, mantri guru sapanunggilanipun [14] sami katut ing bêna. Kumpeni ingkang sami têtulung ugi kathah ingkang katiwasan, ingkang keli 12, kêtaton 5 lonyoh, griya ingkang taksih ngadêg kantun pamulangan lan mêsjid.	Kaonderan Udanawu tidak dapat pulih. Ondernya, mantri dagang dan anak istrinya, mantri guru dan lainnya, semuannya terhanyut oleh banjir. Kumpeni yang menolong juga banyak yang mati. Yang hanyut 12 orang, yang terluka 5 orang, melepuh. Rumah yang masih berdiri tinggal sekolahan dan masjid.
Salêbêting mêsjid ngriku, kangge ngungsi tiyang 4.000 jiwa, sadaya manggih wilujêng. Wawêngkon Udanawu kathahing tiyang pejah 16.000. Dhusun-dhusun ingkang sami risak inggih punika: Sumbersari, Salam, Ngoran, lan sanes-sanesipun.	Di dalam masjid untuk mengungsi 4.000 jiwa, semua selamat. Wilayah Udanawu jumlah orang yang meninggal sebanyak 16.000. Desa-desa yang rusak yakni: Sumbersari, Salam, Ngoran, dan lain-lainnya.
Dhusun-dhusun sakkiwa têngêning margi ingkang saking Candhi Panataran dhatêng Blitar, têbihipun watawis 7 pal, ugi risak abosah-basih. Mayit-mayit ingkang sami pating galuntung sak uruting margi wau botên kirang saking 200 sanesipun ical tanpa lari.	Desa-desa di sekitar jalan dari Candi Panataran sampai Blitar, jauhnya kira-kira 7 pal (10,5 km) juga rusak parah. Mayat-mayat yang berserakan di sepanjang jalan tersebut tidak kurang dari 200 (orang), lainnya hilang tidak ditemukan.

Kabudidayan Nggantar, Candhi Sewu, Dhusun: Plasa, Klêpon, Nglêgok, Kêrêp, lan Panataran, agêng sangêt karisakanipun, namung ing Kabudidayan Nggarum botên patosa.	Kebudayaan Gantar, Candi Sewu, Desa Plasa, Klepon, Nglegok, Kerep, dan Panataran parah sekali kerusakaannya. Hanya kebudayaan Garum (yang kerusakannya) tidak begitu (parah).
Krêtêg-krêtêg kathah ingkang sami risak utawi keli, inggih punika krêtêg ing saantawisipun margi ingkang saking Wlingi dhatêng Blitar wontên krêtêg 3, saking Talun dhateng Kanigara, krêtêg tosan 27, krêtêg kajang 1.	Jembatan-jembatan banyak yang rusak atau hanyut, yaitu jembatan antara jalan yang dari Wlingi ke Blitar ada 3 jembatan. Dari Talun ke Kanigara, jembatan besi (sebanyak) 27, jembatan kayu 1.
Dintên Kêmis sontên lepen-lepen Lêksa bêna agêng malih, ngantos andhadhal lan ngentirakên krêtêg 2. Ing abdêling kontrolir Wlingi ugi karisakan agêng. Dhusun-dhusun ingkang karisakan inggih punika: Omboh, Sidarêja, Sumbêrêja, tuwin sanes-sanesipun.	Hari Kamis sore sungai-sungai Leksa banjir besar lagi sampai menjebol dan menghanyutkan 2 jembatan. Di afdeling Kontrolir Wlingi juga rusak berat. Desa-desa yang rusak yaitu: Omboh, Sidareja, Sumberejoa, dan lain-lainnya.
Rehning Kamar Bolah ing kitha Blitar manggih wilujêng, sadaya kantor-kantor lajêng sami kaêlih mriku, kadosta: kantor pos, kantor telegram, tuwin sanes-sanesipun. Pagantosan sami wontên ing gudhang-gudhang, plataraning gudhang wau kathah kumpeni ingkang sami ngliwêt kangge têdhanipun para tiyang ing ngriku.	Oleh karena 'kamar bola' (tempat hiburan/gedung Bilyart) di Kota Blitar selamat, (maka) semua kantor kemudian dipindah di tempat itu seperti, kantor pos, kantor telegram, dan lain-lainnya. (Kantor) Pegadaian ada di gudang-gudang. Di halaman gudang banyak kumpeni yang menanak nasi untuk makan orang-orang yang berada disitu.
Kumpêni-kumpêni ing Bandhung, Cimahi, Magêlang, Sêmarang, Surabaya, Malang, lan sanes-sanesipun kathah ingkang	Kumpeni-kumpeni di Bandung, Cimahi, Magelang, Semarang, Surabaya, Malang dan lain-lainnya banyak di berangkatkan ke Blitar.

sami kaangkatakên dhatêng Blitar, wontên ing ngriku sami andhungkari griya-griya damêl rêsik margi-margi, nglêbêtakên kalen-kalen tuwin sakpanunggilanipun.	Di tempat itu semua membongkar rumah-rumah, membersihkan jalan-jalan, memperdalam parit-parit dan lain sebagainya.
Para dhoktêr ugi kathah ingkang kakêmandhakakên dhatêng Blitar, wontên ing ngriku ngantos 12 dintên, pêrlu anjampeni para titiyang ingkang sami kêbranan. Kacariyos ing wêkdal punika griya sakit, klinik, saha dhoktêran ing sakparesidhenan Kêdhiri lajêng kêbak tiyang ingkang sami nandhang kasangsaran.	Para dokter juga banyak yang diperintahkan ke Blitar. Di tempat itu sampai 12 hari, untuk mengobati orang-orang yang terluka. Diceritakan pada waktu itu rumah sakit, klinik, serta tempat praktik dokter di karesidenan Kediri penuh dengan orang yang menderita sakit.
Nalika paduka Kangjêng Tuwan Gupêrnur Jendral têdhak papriksa dhatêng sêdaya griya sakit wau, panjênênganipun kacihna sangêt gênging sungkawa lan ngêrêsing pênggalihipun, dene maatus-atus tiyang jalêr estri, anem sêpuh sami pating glêrêng nandhang tatu maneka warni.	Ketika tuan Gubenur Jendral meninjau ke semua rumah sakit tersebut, tampak sekali rasa duka dan pilu hatinya, karena beratus-ratus orang laki-laki perempuan, tua muda, semua mengerang kesakitan menderita luka berbagai macam.
Paduka Tuwan DR. Gpert, Dr. Kammerling, Dr. Wurth, saha paduka Tuwan Dr. Van Bemmelen nalika tanggal 24 Mei 1919 minggah dhatêng Rêdi Kêlut mriksani kawah.	Beliau tuan Dr. Gpert, Dr. Kammerling, Dokter Wurth serta tuan Dr. Van Bemmelen pada tanggal 24 Mei 1919 naik ke Gunung Kelut melihat kawah.
Saking pangandikanipun paduka tuwan-tuwan wau, Rêdi Kêlut sampun botên mutawatosakên bilih anjêblug malih. Sanadyan kawahipun taksih ngêdalakên kukus, ananging awunipun sampun botên wontên.	Dari perkataan tuan-tuan tadi, Gunung Kelut sudah tidak mengkhawatirkan jika meletus lagi. Walaupun kawahnya masih mengeluarkan asap tetapi abunya sudah tidak ada.

Rêdi wau manawi katingalan saking nglêbêt botên wontên empêripun bilih mêntas anjêblug, ananging manawi dipun tingali saking jawi prasasat sampun botên wujud rêdi.	Gunung tadi kalau dilihat dari dalam tidak ada bekasnya bila habis meletus, tetapi kalau dilihat dari luar ibarat sudah tidak lagi berwujud gunung.
Wasana mênggah pasiten-pasiten ingkang sami risak kurugan ing ladhu labêt kêbênan, siti patêgilan 12.000, pasabinan 8.000 bau, dene tiyang pêjah sadaya gunggung wontên 50.000 jiwa.	Akhirnya mengenai tanah-tanah yang rusak tertimbun lahar bekas terkena banjir, Tanah Tegalan 12.000, persawahan 8.000 bahu. Adapun orang meninggal semua berjumlah 50.000 jiwa.
IV. KAWONTENAN ING KITHA BLITAR, NALIKA DINTEN AHAT KLIWON TGL. 25 MEI 1919	**IV. KEADAAN DI KOTA BLITAR PADA HARI MINGGU KLIWON TANGGAL 25 MEI 1919**
Sasampuning panjêblugipun Rêdi Kêlut, para titiyang ing kitha Blitar abusêkan sami andhungkari samukawis rêrêgêd ing pundi-pundi panggenan, kadosta: damêl rêsik margi-margi, nglêbê[17]takên kalen-kalen tuwin sapanunggilanipun. Rehning kalen ing kampung Kauman kulon ingkang anjog dhatêng kampung Cina dereng rampung panggarapipun, mila kalen wau toyanipun asring mêgung lajêng luber dhatêng dharatan.	Setelah meletusnya Gunung Kelut, orang-orang di Kota Blitar beramai-ramai membongkar semua kotoran di segala tempat, seperti: membersihkan jalan-jalan, memperdalam parit-parit dan sebagainya. Oleh karena parit di kampung Kauman Barat yang menuju ke kampung Cina belum selesai pengerjaannya, maka parit tersebut airnya sering menggenang kemudian meluap ke daratan.
Anuju satunggaling dintên, inggih punika dintên Ngahat Kaliwon kasêbut nginggil, wanci jam kalihwêlas siyang kalen wau toyanipun mêgung nuntên	Pada suatu hari, yaitu hari Minggu Kliwon seperti tersebut di atas, waktu jam 12.00 siang selokan tadi airnya menggenang kemudian meluap ke daratan lagi, lama-kelamaan semakin besar

luber dhatêng dharatan malih, dangu-dangu saya agêng ngantos ngacakki dhatêng pacinan. Ing kampung pacinan ngriku wontên satunggaling nyonyah cina, saweg kemawon anggenipun mantun mêntas nandhang sakit ingkang jalaran kenging babaya lahar, ananging manahipun taksih dhêgdhêgan kemawon amargi taksih tontonên dhatêng lalampahan ingkang sampun, dados nyonyah cina wau kadosdene gadhah sakit nratab. Amila sarêng sumêrêp lubering kalen ingkang ngacakki dhatêng kampung pacinan, kados punapa kageting manahipun, sanalika nuntên jêrit-jêrit nêdha tulung, angintên bilih babaya lahar dhatêng malih. Sarêng tangga têpalihipun mirêng panjêriting nyonyah cina wau, sadaya lajêng sami tumut tulung-tulung anyariyosakên bilih lahar dhatêng malih, têmahan pating jlêrit pating brêngok sami lumajêng pating bilulung salang tunjang.	hingga mencapai kampung Pecinan. Di kampung Pecinan ada seorang nyonya Cina, baru saja sembuh dari sakit yang dikarenakan terkena bencana lahar, akan tetapi hatinya masih saja trauma karena masih teringat kejadian yang sudah lalu, jadi nyonya Cina tersebut seperti memiliki sakit trauma. Oleh karena itu, begitu melihat meluapnya (air) selokan yang mencapai ke kampung Pecinan, betapa terkejutnya hati. Seketika lalu menjerit-jerit minta tolong, mengira jika bencana lahar datang lagi. Setelah para tetangganya mendengar jeritan nyonya Cina tersebut, semua kemudian ikut berteriak minta tolong seraya menceritakan kalau lahar datang lagi. Akhirnya gaduh, suara teriakan bersautan semua berlarian pontang-panting tunggang langgang.
Sarêng swara wau kêpirêng dening titiyang ing pêkên, tiyang sapêkên ngriku bibar sanalika nuntên sami lumajêng pating bilulung rêbat ru[18] miyin, atilar dagangan saha arta papajênganipun. Para titiyang ing pakampungan sanesipun inggih lajêng botên purun kantun, rame	Begitu suara tersebut terdengar oleh orang-orang di pasar, semua orang di pasar bubar seketika, kemudian semua berlari tunggang langgang berebut dahulu, meninggalkan barang dagangan serta uang hasil penjualannya. Orang-orang di kampung lainnya juga tidak mau ketinggalan, beramai-

gumuruh sami lumajêng ngupados gêsang piyambak-piyambak. Bongsa Eropah sami lumajêng numpak motor lan kareta. Motor grobag pabrik lisah insulindhê enggal cekat-cekêt ambêktani nyonyah-nyonyah lan walandi, kabêkta dhatêng pabrikipun. Dalah kumpêni inggih sami lumajêng pating bilulung, wontên ingkang menek ing wit-witan saha sanes-sanesipun. Solah sarta ramening tiyang botên kantên-kantênan, prasasat botên wontên bedanipun kaliyan nalika dhatênging babaya lahar. Jalaran saking punika, rehning siyang-siyang tur bênter, dados awu sami mawur. Pramila sarêng kêtrajang ing titiyang maewu-ewu, motor, dhokar, tuwin sanes-sanesipun, ing kitha Blitar lajêng kadosdene jawah awu dadakan.	ramai berlari menyelamatkan dirinya masing-masing. Orang-orang berkebangsaan Eropa semua lari dengan mengendarai motor dan deilman. Motor gerobak pabrik minyak insulin segera membawa nyonya-nyonya dan (orang) Belanda diangkut ke pabriknya. Serta kumpeni juga berlari tunggang langgang, ada yang naik ke pepohonan dan lain-lainnya. Tindakan serta ramainya orang tidak karuan, ibarat tidak ada bedanya dengan ketika bencana lahar datang. Oleh sebab itu, karena siang hari lagipula panas, jadi abu berhamburan. Ketika diterjang oleh ribuan orang, motor, delman, dan lain-lainnya, di Kota Blitar kemudian tampak seperti hujan abu tiba-tiba.
Rehning pamarentah ngawuningani bilih bab wau dede barang-barang, mila nuntên enggal-enggal andhawuhakên dhatêng titiyang ingkang sami lumajêng wau supados sami wangsul dhatêng panggenanipun piyambak-piyambak, makatên ugi sadaya kumpêni nuntên kaslompretan dening pangagêngipun.	Oleh karena pemerintah mengetahui bahwa hal itu bukan apa-apa, maka segera memerintahkan kepada semua orang yang berlarian agar kembali ke tempat masing-masing. Begitu pula semua kumpeni segera dikomando dengan selompret (dislompret) oleh komandannya.
Sasampuning sami wangsul, warni-warni barang darbekipun ingkang sami ical, kadosta: titiyang	Sesudah semua kembali, ada bermacam-macam benda milik mereka yang hilang, seperti: orang-

pêkên wontên ingkang ke[19] calan barang dadagangan saha artanipun, sasadeyan têtêdhan kathah ingkang sami mawut awor lan siti, saha para titiyang ing pakampungan kathah ingkang kecalan barang darbekipun. Ing nalika punika kathah dursila sami namakakên kadursilanipun, sanalika pulisi lajêng sagêd nyêpêng tiyang sakawan.	orang pasar ada yang kehilangan barang dagangan serta uangnya, dagangan makanan banyak yang tumpah bercampur dengan tanah, serta orang-orang di perkampungan banyak yang kehilangan barang miliknya. Ketika itu banyak penjahat melakukan tindak kejahatannya. Seketika polisi kemudian dapat menangkap 4 orang.
V. KOMITE	**V. KOMITE**
Sabakdaning panjêblugipun Rêdi Kêlut, sarêng nyumêrêpi utawi mirêng pawartosipun punapa kawontênaning kitha Blitar sakukubanipun, pra-sasat tiyang saindênging bawana lajêng sami ngêtingalakên raosing kamanungsanipun sarana ngêdêgakên komite mawarni-warni. Sadaya komite wau sami ambudidaya pados darma sakadaripun dhatêng satiyanga, sapintên angsal-angsalanipun tumuntên badhe kakintunakên dhatêng Blitar. Wondene wujud-ipun komite sarta angsal-angsalaning arta darma satunggal lan satunggalipun kados ingkang kasêbut ing ngandhap punika:	Setelah meletusnya gunung Kelut, begitu mengetahui atau mendengar berita bagaimana keadaan kota Blitar dan wilayahnya, ibarat orang di seluruh dunia kemudian memperlihatkan rasa kemanusiaannya dengan cara mendirikan komite bermacam-macam. Semua komite tersebut berusaha mencari sumbangan seikhlasnya kepada siapapun. Seberapapun perolehannya segera akan dikirimkan ke Blitar. Adapun wujudnya komite beserta perolehan uang sumbangan satu persatu seperti disebutkan dibawah ini:

No.	Teks	Terjemahan	Jumlah
	Nama Komite	**Nama Komite**	
1	*Budi Utama Wanagiri sampun ngintunaken darma*	Budi Utama Wanagiri sampun mengirimkan sumbangan	*F 15,00*
2	*Regêrêng paring darma*	Regêrêng memberi sumbangan	*" 10.000,00*
3	*[20] Paduka Kangjêng Tuwan Ingkang Wicaksana Gupêrnur Jendral sampun andhawuhakên dhatêng Chef Pandhuis Diens maringakên barang sêmbêt ing pagantosan ingkang sampun botên pajêng kalelangakên pangaos*	Paduka Kangjêng Tuwan Ingkang Wicaksana Gupêrnur Jendral sudah memerintahkan kepada Chef Pandhuis Diens memberikan barang kain di pegadaian yang sudah tidak laku dilelang senilai	*" 58.000,00*
4	*Budi Utama Surakarta sampun nampeni darma*	Budi Utama Surakarta sudah menerima sumbangan	*" 141,75*
5	*Tentoonstelling kunstkring Deli sampun nampeni darma*	Tentoonstelling kunstkring Deli sudah menerima sumbangan	*" 3.500,00*
6	*Komite Purwarêja sampun nampeni darma*	Komite Purwarêja sudah menerima sumbangan	*" 1.000,00*
7	*Komite Salatiga sampun nampeni darma*	Komite Salatiga sudah menerima sumbangan	*" 1.000,00*
8	*Kêloetfonds Surabaya sampun nampeni darma*	Kêloetfonds Surabaya sudah menerima sumbangan	*" 200.000,00*
9	*Zimrosextet Batawi sampun nampeni darma*	Zimrosextet Batawi sudah menerima sumbangan	*" 1.400,00*
10	*Komite Klegung (Sleman) Ngayoja sampun ngintunaken darma*	Komite Klegung (Sleman) Ngayoja sudah mengirim sumbangan	*" 116,19*
11	*Komite Isteri sampun nampeni darma*	Komite Isteri sudah menerima sumbangan	*" 5.000,00*
12	*Pakempalan Kridhawacana sampun nampeni darna*	Pakempalan Kridhawacana sudah menerima sumbangan	*" 1.221,65*
13	*Sahandhap Sampeyan Dalêm Ingkang Sinuhun Kangjêng Susuhunan ing Surakarta sampun amatêdhakakên darma*	Sahandhap Sampeyan Dalêm Ingkang Sinuhun Kangjêng Susuhunan ing Surakarta sudah memberikan sumbangan	*" 4.000,00*
14	*[21] Pakêmpalan bupati sampun ngintunakên darma*	Pakêmpalan bupati sudah mengirimkan sumbangan	*" 2.000,00*
15	*Komite Bandawasa sampun nampeni darma*	Komite Bandawasa sudah menerima sumbangan	*" 615,43*
16	*Pakempalan Mardi Praja lan Mardi Kenya sampun nampeni darma*	Pakempalan Mardi Praja lan Mardi Kenya sudah menerima sumbangan	*" 1.000,00*
17	*Sri Maharaja Putri sampun amatedhakaken darma*	Sri Maharaja Putri sudah memberikan sumbangan	*" 1.000,00*
18	*Paduka Princês Hendrik sampun amatêdhakakên darma*	Paduka Prinnês Hendrik sudah memberikan sumbangan	*" 500,00*
	Gunggung Kumpul	**Jumlah Terkumpul**	***F 290.510,02***

Wasana bab arta darma anggen kula mêthiki cêkap kula jugag samantên kemawon, jêr miturut sêrat pawartos ingkang kula waos ngantos dumugi wulan Sawal salajêngipun, taksih kathah sangêt para sadherek ingkang sami badhe ngwontênakên komite darma warni-warni.	Akhirnya mengenai uang sumbangan dalam saya mengutip cukup, saya putus sampai disini, karena menurut surat kabar yang saya (penulis naskah), baca sampai bulan Syawal berikutnya masih banyak sekali para saudara yang ingin mengadakan komite sumbangan bermacam-macam.
[22] BUBUKA	**PENDAHULUAN**
Olehku ngarang layang iki pêrlune dadia pengêt marang wong bumi ing abdhêling Blitar sarta nyawisi wong ing ngêndi-êndia bae kang kêpengin sumurup carita pambalêdhose Gunung Kêlut.	Tujuan saya mengarang buku ini agar menjadi pengingat bagi orang di afdeling Kota Blitar serta menyediakan bagi orang-orang dimanapun yang ingin mengetahui cerita meletusnya Gunung Kelut.
Mungguh isine layang iki, kajaba mêtu saka kawruhku dhewe, uga pêthikan saka layang-layang kabar kang mêtu sabubare lahar Blitar ing tahun Walanda 1919 tanggal 20 sasi Mei.	Adapun isi buku ini, selain keluar dari pengetahuan saya sendiri, juga cuplikan dari surat kabar-surat kabar yang terbit setelah lahar Blitar pada tahun Masehi 1919 tanggal 20 bulan Mei.
Kang kapindho: pêrlune supaya wong kang padha manggon utawa kang padha arêp manggon ing sajroning abdheling Blitar, sathithik-sathithik wêruha babayane panggonan mau lan padha ngati-atia ênggone padha milih panggonan. Sabisa-bisa padha manggona ing panggonan kang rada dhuwur utawa kang ora tau kambah babaya lahar. Lan maneh pangarêp-arêpku, ing	Yang kedua: pentingnya agar orang yang bertempat tinggal atau akan bertempat tinggal di wilayah afdeling Blitar, sedikit-sedikit mengetahui bahaya tempat itu dan agar berhati-hati dalam memilih tempat. Sedapat mungkin bertempat tinggallah di tempat yang agak tinggi atau yang tidak pernah dilanda bahaya lahar. Dan lagi harapan saya (penulis naskah PRK) kelak semoga ada orang yang dapat

besuk muga anaa wong kang bisa anyirnakake babaya mau, supaya aja tansah agawe girise wong Blitar. Yen bisa kêlakon, saiba suka sukuring wong kono. Wong kang bisa nyirnakake babaya kang gêdhe iku amêsthi bakal dipundhi-pundhi sarta diaji-aji dening wong Blitar lan wong ing tanah Jawa kabeh.

YUDAKUSUMA

[23] I. GUNUNG KELUT LAN KUTHA BLITAR

Ing salore kutha Blitar ana gunung geni kang ora sapiroa dhuwure, diarani Gunung Kêlut. Sanajan gunung iku cilik, nanging ambabayani bangêt tumraping wong Blitar. Wiwit ereng-erenge nganti tumêkane sikile akeh kêbone kopi lan katela kaspa lan uga ana tanduran liya-liyane. Ing kono iya ana ondêrnemêng pirang-pirang, kang akeh: ondêrnemêng kopi, kabeh mau duwekke wong walonda.

Dohe Gunung Kêlut mau saka kutha Blitar watara lakon sadina. Mungguh kehing desa salore kali Brantas, kang kêprênah kidul kutha, ora kurang saka satus, dene cacah jiwane iya ora kurang saka rongatus ewu.

menghilangkan bencana tersebut, agar jangan selalu membuat takut orang Blitar. Kalau dapat terwujud, betapa senang hati orang disana. Orang yang dapat menghilangkan bencana yang besar itu pasti akan dihormati dan dihargai oleh orang Blitar dan orang di seluruh pulau Jawa.

YUDAKUSUMA

I. GUNUNG Kelut DAN KOTA BLITAR

Di sebelah utara Kota Blitar ada Gunungapi yang tidak begitu tinggi, disebut Gunung Kelut. Walaupun gunung itu kecil, tetapi sangat berbahaya bagi orang Blitar. Mulai dari lereng sampai di kaki gunung banyak kebun kopi dan ketela pohon dan juga ada tanaman lain-lainnya. Di tempat itu juga ada beberapa perkebunan. Yang banyak: perkebunan kopi yang kesemuanya milik orang Belanda.

Jarak Gunung Kelut dari Kota Blitar kira-kira 1 hari perjalanan. Mengenai banyaknya desa di sebelah utara Sungai Brantas, yang terletak disebelah selatan kota, tidak kurang dari 100, adapun jumlah jiwanya juga tidak kurang dari 200.000.

Abdheling Blitar iku hawane bêcik, dhuwure saka lumahe sagara luwih saka 300 meter, adhême ora sapiraa, beda karo abdheling Malang, kang iku kuthane kêna diarani kêbak walonda. Akeh sêkolahane, omah gêdhong kang bagus-bagus iya sapirang-pirang, kabeh mau amuwuhi asrine kutha Blitar. *Mungguh wonge bumi racake kena diarani kêcukupan, [25] amarga lêmahe loh, meh sabarang kang ditandur bisa urip subur. Mung cacade abdhêling mau sok kêtêkan bêbaya gêdhe kang anggigirisi.*	Afdeling Blitar itu udaranya baik (sejuk), tingginya dari permukaan laut lebih dari 300 m, tidak begitu dingin, berbeda dengan afdeling Malang. Oleh sebab itu, kotanya dapat dikatakan penuh orang Belanda. Banyak sekolah dan rumah megah yang bagus-bagus. Semua itu menambah indahnya Kota Blitar. Mengenai orang pribumi (yang tinggal di sana) pada umumnya dapat disebut berkecukupan, karena tanahnya subur. Hampir semua yang ditanam dapat hidup subur. Hanya sayangnya afdeling tadi sering terkena bencana besar yang sangat mengerikan.
II. LETE BABAYA LAHAR	**II. TENGGAT BENCANA LAHAR**
Miturut dongenge sawijining wong walonda pintêr, kang tlaten anglumpukake carita kuna-kuna, Gunung Kêlut mau dikandhakake wis kaping-kaping ênggone amblêdhos ngêtokake lahar. Yaiku ing tahun walonda: 1586, 1752 lan tahun 1771. Nanging gêdhe ciliking babaya ora kêsumurupan. Sadurunge tahun 1586 dikira-kira gunung Kêlut mau iya wis bola-bali anjêblos, nanging ora kasumurupan tahune. Ing tahun 1811 tanggal 5 sasi Juni, ing abdheling Blitar ana grêmis awu.	Menurut cerita salah seorang Belanda yang pandai, yang rajin mengumpulkan cerita kuna, Gunung Kelut dikatakan sudah berulang-ulang meletus dan mengeluarkan lahar. Yaitu pada tahun Belanda (Masehi): 1586, 1752, dan 1771. Namun besar kecilnya bencana tidak diketahui. Sebelum tahun 1586 diperkirakan Gunung Kelut tadi juga sudah berulang kali meletus, tetapi tidak diketahui tahunnya. Pada tahun 1811, tanggal 5 bulan Juni, di afdeling Blitar ada hujan abu. Mulai tanggal 11

Wiwit tanggal 11 nganti tanggal 14 sasi Oktobêr tahun 1826 Gunung Kêlut anjêblos agawe karusakan gêdhe. Ing sajrone tahun 1833 iya anjêblos, nanging ora agawe kêrusakan sapiroa. Ing nalika tanggal 16 sasi Mei tahun 1848 gunung mau amblêdhos nganti rong jam suwene, yaiku wiwit jam pitu nganti jam sanga sore, agawe kêrusakan kang gedhe bangêt. [26] mangkono uga nalika tanggal 4 Januari tahun 1864.	sampai 14 Oktober tahun 1826 Gunung Kelut meletus, membuat kerusakan besar. Selama tahun 1833 (Gunung Kelut) juga meletus, tetapi tidak membuat kerusakan yang berarti. Ketika tanggal 16 Mei tahun 1848 gunung (Kelut) meletus sampai 2 jam lamanya yaitu mulai pukul 19.00 sampai pukul 21.00, membuat kerusakan yang sangat besar. Begitu juga pada tanggal 4 Januari 1864.
Mungguh banjir lahar mau nganti tumêka pambalêdhose Gunung Kêlut ing tahun 1864 tansah ngidul ngulon lan mangalor parane. Dadi tetela yen pinggire kawah kang têbing lor lan kidul kulon êndhek. Banyu udan kang lumêbu ing kawah iku saya suwe saya akeh, barêng gununge amblêdhos, banyu mau mêtu saka kawah, liwat ing sapinggire kawah kang êndhek. Amarga saka kêrêpe ambalêdhos, pinggire kawah kang kêrêp diliwati lahar mau owah sipate, andadekake kurang kuwate, mulane barêng kawahe kêbak isi banyu udan, nalika tanggal 28 Januari tahun 1875, pinggire kang sisih kidul kulon gêmpal, banyune wutah saperangan, anganakake lahar adhêm, agawe rusake Srêngat lan kutha Blitar.	Mengenai banjir lahar tersebut sampai meletusnya Gunung Kelut pada tahun 1864 (alirannya) selalu menuju ke arah barat daya dan utara. Jadi jelas kalau tepi kawah bagian utara dan barat daya lebih rendah. Air hujan yang masuk di kawah makin lama semakin banyak. Ketika gunungnya meletus, air tersebut keluar dari kawah melalui tepi kawah yang rendah. Karena sering meletus, tepi kawah yang sering dilalui lahar berubah sifatnya, menjadi kurang kuat. Oleh karenanya, ketika kawah penuh berisi air hujan, pada tanggal 28 Januari tahun 1875, tepian yang sebelah barat daya longsor, sebagian airnya tumpah, menyebabkan lahar dingin, membuat rusaknya wilayah Srengat dan Kota Blitar.
Sarehne gêmpale pinggir kawah kang kidul kulon mau amba lan	Oleh karena longsornya pinggir kawah sisi barat daya tersebut lebar

jêro, dadi pêndhak-pêndhak ana banjir ora bisa mili mangalor maneh, kang mangkono iku agawe bêgjane wong salore Gunung Kêlut, nanging agawe cilakane wong abdheling Blitar, kang kêprênah sakidule gunung mau.	dan dalam, sehingga selanjutnya setiap ada banjir tidak lagi dapat mengalir ke arah utara. Hal itu menguntungkan bagi orang (yang tinggal) di sisi utara Gunung Kelut, namun membuat celaka orang (yang tinggal) di afdeling Blitar, yang berada di sebelah selatan gunung tersebut.
Sawise ambalêdhos ing tahun 1864 Gunung Kêlut ambalêdhos maneh ing nalika tanggal 23 Mei tahun 1901. [27] Wong Blitar lumrah ngarani lahar Kêmis Wage. Lahar Kêmis Wage mau ora gawe kêrusakan sapiraa. Wong Jawa kang mati mung 141 walanda 3, dene udane awu rada dêrês lan mratani tanah Jawa kabeh. Sawise lahar Kêmis Wage banjur ana lahar Slasa Kliwon, yaiku lahar dhek tanggal 20 Mei tahun 1919 iki.	Setelah meletus pada tahun 1864 Gunung Kelut meletus lagi pada tanggal 23 Mei 1901. Orang Blitar sering menyebut (peristiwa tersebut) lahar Kamis Wage. Lahar Kamis Wage tidak membuat kerusakan besar. Orang Jawa yang meninggal hanya 141 orang, Belanda hanya 3 orang. Adapun hujan abunya agak deras dan merata di seluruh pulau Jawa. Setelah lahar Kamis Wage kemudian ada lahar Selasa Kliwon yaitu lahar pada tanggal 20 Mei 1919.
III. SABAB-SABABE LAHAR	**III. PENYEBAB (TERJADINYA) LAHAR**
Gunung geni kang ambalêdhos, sanalika dhasaring kawahe dadi adhêm, pipaning kawah kêtutupan êndhuting lahar (lava) kang wis adhêm uga. Amarga saka iku lawas-lawas kawahe gunung mau kêbak isi banyu udan nganti katon kaya tlaga. Ana wong pintêr angira-ira,	Gunung berapi yang meletus, seketika dasar kawahnya menjadi dingin. Saluran kawah tertutup oleh lumpur lahar (lava) yang sudah dingin juga. Oleh karena itu lama-kelamaan kawah gunung tadi penuh berisi air hujan sampai kelihatan seperti telaga. Ada orang

satahun-tahune banyu udan kang mlêbu ing kawahe Gunung Kêlut kurang luwih ana 6.000.000 metêr kubuk. Dhek tahun 1907 isine tlaga kawah Gunung Kêlut dikira-kira ana 44.000.000 metêr kubuk. Dening Kangjêng Gupêrmen banjur direka-daya, jêrone banyu nganti suda 7 metêr, isine tlaga kira-kira mung kari 38.500.000 metêr kubuk. Sasuwene gunung mau durung anjêblos maneh, isining pipane kawah tansah owah-owah sipate, mêngkono [28] uga dayane lan kakuwatane. Mangkene wiwitane:	(yang) pandai memperkirakan, setiap tahun air hujan yang masuk ke kawah Gunung Kelut ada lebih kurang 6.000.000 m3.. Pada tahun 1907 isi telaga kawah Gunung Kelut diperkirakan ada 44.000.000 juta m3. Oleh Gubernur hal itu kemudian direkayasa hingga kedalaman air dapat berkurang 7 m, isi telaga diperkirakan hanya tinggal 38.500.000 m3. Selama gunung tersebut belum meletus lagi, sifat isi saluran kawah selalu berubah. begitu juga daya dan kekuatannya. Demikian awal mulanya.
sabubare amblêdhos, pipaning kawah isih isi gas warna-warna kang asale saka jladren mangangah isining bumi (magma). Sarehne ing ngisor ora ana dalane panas mlêbu, suwe-suwe êndhuting lahar ana kang anjêndhêl. Barêng êndhut kang kênthêl mau mundhak kandêle, hawa ing sajroning pipa kawah lawas-lawas mundhak panase, sarta iya mundhak kuwating pandêdêle.	setelah meletus saluran kawah masih berisi bermacam-macam gas yang berasal dari lumpur membara isi (perut) bumi (magma). Oleh karena di bawah tidak ada jalan panas masuk, lama-kelamaan lumpur lahar ada yang mengental. Begitu lumpur yang kental tadi bertambah tebal, udara di dalam saluran kawah lama-kelamaan bertambah panas serta bertambah kuat daya desaknya.
Mungguh jladren mangangah kang ana sajroning gunung gêni iku dadine saka woring barang lan gas warna-warna. Gas mau ana kang sipate kaya koolzuur banyu landa sajroning gêndul. Yen dibukak tutupe koolzuur mau sanalika mêtu saka ing gêndul kanthi anggawa banyune saperangan utawa	Adapun lumpur panas yang ada di dalam gunung berapi itu terjadi dari percampuran benda dan gas bermacam-macam. Gas tadi ada yang bersifat seperti koolzuur air abu di dalam botol. Jika tutup botol dibuka, koolzuur tadi seketika keluar dari dalam botol dengan membawa serta airnya, sebagian

kabeh, mawa-mawa keh sathithike koolzuur kang ana ing gêndul mau. Mung bedane panase mahmah kang ana ing pipa kawahe gunung gêni iku nganti 800 tumêkane 1300˚C, yaiku kira-kira tikêl 10-e panase banyu umob. Mangkono uga pandêdêle iya luwih kuwat.	atau bahkan seluruhnya, sesuai banyak dan sedikitnya koolzuur yang berada di dalam botol tersebut. Perbedaannya hanya, panasnya magma yang ada dalam saluran kawah gunung berapi mencapai 800 hingga 1300^0 C, yaitu kira-kira 10 kali lipat (dari panasnya) air mendidih. Begitu pula desakannya juga lebih kuat.
Sarehning gas ing pipa mau saya lawas sangsaya mundhak panase, êndhut lahar kang anjêndhêl mau lawas-lawas suda kandêle, amarga saka sathithik dadi cuwer maneh dening panasing mahmah banjur awor dadi siji karo kang ana sajroning gunung. [29] Amarga saka iku kehing mahmah ing sajroning pipa kawah saya mundhak, lawas-lawas tutuping pipa kang kênthêl mau ora kêlar nanggulangi pandêdêl kang saka ing jêro, wêkasan malêkah, gas kang ana ing pipa mêtu, andêdêl banyu kang ana ing tlaga kawah. Saking rosaning pandêdêle gas, banyu kang ana ing kawah iya katut mêtu, saperangan utawa kabeh. Banyu iki uga kaworan isen-isening gunung kang isih panas bangêt, banjur amujudake êndhut lahar kang panas lan rosa bangêt, nganti kuwat anggawa watu kang gêdhene salumbung-lumbung.	Oleh karena gas dalam saluran semakin lama semakin bertambah panas, lumpur lahar yang mengental tadi lama-kelamaan berkurang ketebalannya, karena sedikit demi sedikit menjadi cair lagi oleh panasnya magma, kemudian bercampur menjadi satu dengan yang berada di dalam gunung. Oleh sebab itu banyaknya magma dalam saluran kawah semakin bertambah, lama-kelamaan tutup saluran yang kental tadi tidak kuat menahan desakan yang berasal dari dalam, akhirnya retak, gas yang ada dalam saluran keluar, mendesak air yang berada di dalam telaga kawah. Karena kuatnya desakan gas, air yang berada di kawah juga ikut keluar, sebagian atau semua. Air ini juga tercampur dengan isi gunung yang masih sangat panas, kemudian berwujud lumpur lahar yang panas dan sangat kuat, sampai kuat membawa batu yang besarnya sebesar lumbung.

Gas kang mumbul uga bisa ngatutake mahmah panas, kang tumibane ing bumi nganakake udan awu. Yen awu mau rada gêdhe diarani wêdhi.	Gas yang menyembur juga dapat membawa serta magma panas, yang jatuhnya di bumi menjadi hujan abu. Kalau abu tadi agak besar dinamakan pasir.
IV. PANYEGAHE BABAYA LAHAR	**IV. PENCEGAH BENCANA LAHAR**
Mungguh asale banjir lahar iku anggêr wong wus padha sumurup, iya iku saka pambalêdhose gunung gêni. Dadi yen arêp anyêgah banjir lahar, kudu anyêgah pambalêdhose gunung gêni mau. Yen gunung gêni wis ora bisa ambalêdhos, mêsthi ora bakal ana lahar meneh. Nanging kapriye akale nyêgah pambalêdhose gunung gêni iku. Kiraku ora ana maneh akale kêjaba anjaga aja nga[30] nti tlagane gunung gêni iku kisen banyu, dadi kudu digawekake ilen-ilen pambuwangan banyu kang ora gampang rusake. Ing mangsa rêndhêng akeh bangêt banyu udan kang mlêbu ing kawah.	Mengenai asalnya banjir lahar itu setiap orang sudah mengetahui, yaitu dari meletusnya gunung berapi. Jadi kalau mau mencegah banjir lahar, juga harus mencegah meletusnya gunung berapi tadi. Kalau gunung berapi sudah tidak dapat meletus, pasti tidak akan ada lahar lagi. Namun, bagaimana caranya mencegah meletusnya gunung berapi itu. Menurut saya (penulis naskah PRK) tidak ada lagi caranya kecuali dengan menjaga jangan sampai telaga gunung berapi itu terisi air, jadi harus dibuatkan saluran pembuangan air yang tidak mudah rusak. Di musim hujan banyak sekali air hujan yang masuk ke dalam kawah.
Ing ngarêp wis dikandhakake, yen talagane Gunung Kêlut ing satahun-tahune kisen banyu udan kurang luwih 6.000.000 metêr kubuk, yen banyu samono mau ora bisa mêtu, amarga ora ana dalane, sabên tahun mêsthi wuwuh samono kehe, ing wêkasan barêng gununge	Di depan sudah dijelaskan, kalau telaga Gunung Kelut itu setiap tahun terisi air hujan kira-kira 6.000.000 m3. Kalau air sebegitu banyak itu tidak dapat keluar karena tidak ada salurannya, setiap tahun pasti bertambah sebanyak itu, yang akhirnya begitu gunungnya

amblêdhos, banyu pirang-pirang puluh milyun metêr kubuk mau mêtu sakal. Wis mêsthi bae agawe kêrusakan gêdhe. Balik yen banyu tlaga ing kawah mau tansah bisa mili mêtu, amêsthi ora bakal ana lahar.	meletus, air berpuluh-puluh milyar meter kubik tadi keluar seketika. Sudah barang tentu (itu) membuat kerusakan besar. Sebaliknya kalau air telaga di dalam kawah selalu dapat mengalir keluar, pasti tidak akan ada lahar.
V. LAHAR NALIKA TANGGAL 20 MEI*) 1919	**V. LAHAR KETIKA TANGGAL 20 MEI 1919**
Miturut dongenge wong tuwa-tuwa kang wis mênangi pambalêdhose gunung Kêlut ping pindho utawa ping têlu sarta wis tau didongengi wong kuna-kuna bab banjir lahar sing biyen-biyen, durung tau ana babaya lahar kang gêdhene padha karo lahar Slasa Kliwon ing tahun 1919 iki. Têkane banjir ora patiya kêmrasak kaya dhek lahar tahun 1901, mula[31]ne wong kang padha turu arang sing banjur nglilir, wêkasane akeh kang katut ing banjir. Akeh wong kang kandha, yen swarane banyu mung kaya lakune motor bae, ora patia anggigirisi, beda karo dhek lahar Kêmis Wage, swarane kumrasak pating gludhug anggigirisi. Nalika samana, sanajan wong turu kêpati iya bisa nglilir, wêkasan akeh kang padha slamêt.	Menurut dongengnya para orang tua yang sudah mengalami meletusnya Gunung Kelut dua kali atau tiga kali serta sudah pernah diberitahu orang-orang terdahulu tentang banjir lahar pada masa dahulu, belum pernah ada bencana lahar yang besarnya sama dengan lahar Selasa Kliwon di tahun 1919 ini. Datangnya air tidak begitu bergemuruh seperti lahar ketika tahun 1901. Oleh karenanya, orang yang sedang tidur jarang yang terbangun, akhirnya banyak yang terbawa banjir. Banyak orang yang mengatakan, bahwa suaranya air hanya seperti jalannya motor, tidak begitu menakutkan. Berbeda dengan lahar Kamis Wage, suaranya bergemuruh menakutkan. Pada waktu itu, walau orang tidur nyenyak dapat terbangun, akhirnya banyak yang selamat.
Lahar Slasa Kliwon iki pambalêdhose kang wiwitan arang	Lahar Selasa Kliwon itu meletusnya yang pertama kali

*) dalam naskah tertulis Juli

wong krungu. Barêng wong ing kutha Blitar ngrungu swara gumlêgêr, ora watara suwe, kira-kira jam satêngah loro, banyu wis têkan ing kutha Blitar, mulane akeh wong ngira yen nalika iku Gunung Kêlut ambalêdhos kaping pindho, sing sapisan ora sêru, kang kaping pindhone rada sêru. Lakune lahar cacawangan, kang gêdhe ana têlu, iya iku kang mêtu ing sawetane kutha Blitar kang agawe rusake dhistrik Wlingi lan desa-desa ing saurute, sarta kang liwat ing sakulone kutha kang ngrusak Srêngat, Udanawu, Bêndha lan liya-liyane. Cawangan kang katêlu, kang liwat ing kutha Blitar mêtu kali lahar, iku kang agawe kêrusakaning kutha Blitar lan anggawa nyawane wong pirang-pirang ewu sarta agawe miskine wong sugih-sugih. *[32] Sadurunge banyu têkan ing kutha Blitar, iya wis akeh wong kang nglilir sarta banjur anggugahi tangga-tanggane lan sanak kadange, aweh wêruh yen ana bêbaya lahar. Ing bêngi iku swarane wong kutha Blitar kaya tawon kirap, polahe kaya gabah diintêri, ngalor ngidul palayune, ora angopeni barang darbeke, ciptane mung arêp ngungsekake nyawane.*	jarang orang mendengar. begitu orang di Kota Blitar mendengar suara menggelegar, tidak lama kemudian, kira-kira jam setengah dua, air sudah sampai di Kota Blitar. Maka banyak orang yang mengira kalau saat itu Gunung Kelut meletus dua kali, yang pertama tidak keras yang kedua agak keras. Jalannya aliran lahar bercabang-cabang, yang besar ada tiga yaitu yang melalui sebelah timur Kota Blitar yang membuat rusak Distrik Wlingi dan desa-desa berikutnya, serta yang melalui sebelah barat Kota Blitar yang merusak Srengat, Udanawu, Bendha dan lain-lainnya. Cabang yang ketiga (adalah) yang melewati Kota Blitar melalui sungai lahar. Itu yang membuat kerusakan Kota Blitar dan merenggut nyawa beribu-ribu orang serta membuat miskin orang-orang kaya. Sebelum air tiba di Kota Blitar, juga sudah banyak orang yang terbangun serta kemudian membangunkan tetangganya dan sanak saudaranya, memberitahukan kalau ada bencana lahar. Pada malam itu suara orang di Kota Blitar seperti lebah terbang bersamaan, tingkahlakunya seperti padi ditampi, tidak karuan larinya, tidak menghiraukan harta bendanya, pikirannya hanya ingin menyelamatkan jiwanya.

VI. PANGUNGSEN	**VI. PENGUNGSIAN**
Wong tuwa-tuwa kang asli Blitar ora patia bingung ênggone milih pangungsen, ana kang banjur mlayu mênyang sakidule kali Brantas, ana kang banjur mênyang panggonan dhuwur-dhuwur, kang durung tau kambah lahar, kayata: mênyang Desa Gêbang, Bêndhagêrit, Panjen kidul saurute. Ana kang prêcaya marang kramat, banjur ngungsi menyang pasareyan utawa kuburan, ana kang mênyang mêsjid sapanunggalane. Ana maneh kang banjur menek ing kakayon kang gêdhe-gêdhe lan ana kang munggah ing wuwungane omah. Dene wong kang durung lawas ana ing Blitar, akeh kang padha bingung, ana kang banjur mlêbu ing sajroning sênthong rapêt, ana kang mlêbu ing lêmari utawa ing pêthi, lan [33] ana kang mung mloya-mlayu ngalor ngidul kanthi asambat-sambat, ana maneh kang ngoplok kamithotholên.	Orang-orang tua yang asli Blitar tidak begitu kebingungan dalam memilih tempat mengungsi, ada yang kemudian berlari menuju sebelah selatan sungai Brantas, ada yang kemudian pergi ke tempat-tempat yang tinggi, yang belum pernah dilalui lahar, seperti: ke Desa Gebang, Bendagerit, Panjen Kidul dan seterusnya. Ada yang percaya kepada hal keramat, kemudian mengungsi ke pemakaman atau kuburan, ada yang pergi ke masjid dan sebagainya. Ada lagi yang kemudian memanjat di pohon yang besar-besar dan ada yang naik ke puncak-puncak rumah. Adapun orang yang belum lama berada di Blitar, banyak yang kebingungan, ada yang kemudian masuk ke dalam kamar kemudian dikunci rapat, ada yang masuk ke dalam almari atau peti, dan ada yang hanya berlarian tidak karuan arahnya sambil berkeluh-kesah. ada lagi yang terpaku, tidak dapat bergerak.
Ana pituture wong tuwa-tuwa marang anak putune mangkene: besuk yen ana lahar, kowe aja bingung, bêcik disareh, rungokna swaraning banyu dhisik, apa ana wetan, apa ana kulon, apa ana lor bênêr lan apa wis kaprênah ana kidul. Yen swara kumrasak	Ada nasihat orang-orang tua kepada anak cucunya demikian: kelak jika ada lahar, kamu jangan bingung, lebih baik tenang. Dengarkan dulu suara airnya, apakah berada di sebelah timur, apa di barat, apa di sebelah utara lurus dan apa sudah berada di sebelah

wis ana kidul, êmbuh kidul wetan, êmbuh kidul kulon, pratandha wis kêpungkur, dadi ora pêrlu ngili. Yen swara kumrasak ana lor wetan, kudu ngili mangulon. Dene yen swara ana lor kulon, kudu ngili mangetan, yen swara ana lor bênêr kudu ngili mênyang sabrang kidul, mangkono uga yen swara ora karuhan panggonane, samono mau yen banyu sakira isih adoh. Dene yen banyu wis rada cêdhak, bêcik ngiliya mênyang panggonan kang rada cêdhak nanging kang dhuwur, kayata mênyang gumuk-gumuk, mênyang Desa Gêbang lan Bêndhagêrit, mênyang mêsjid, mênyang Desa Pakundhen kang sisih kulon, mênyang dhawuhan, Tanjungsari lan liya-liyane. Nanging dieling, paranmu aja nganti angênêr marang kali lahar kang kêprênah salore lan sakulone kutha, awit iku kêlêbu dalan lahar. Lan maneh ngelingana apa panggonan kang kokênggoni iku kalêbu dhuwur apa êndhek, yen dhuwur bêcik a[34]ja kotinggal, mung meneka bae ing kakayon saanak bojomu. Yen êndhek nuli singkirana, ngiliya mênyang panggonan sakiwa-têngêne omahmu kang kêlêbu dhuwur. Ana ing kono yen kêbênêran ana kakayon enggal meneka kang rada dhuwur, aja pisan-pisan menek ing

selatan. Jika suara gemuruh sudah berada di sebelah selatan, entah tenggara maupun baratdaya, (itu) pertanda kalau (lahar) sudah berlalu, sehingga tidak perlu mengungsi. Jika suara gemuruh berada di sebelah timurlaut, harus mengungsi ke barat. Kalau suara gemuruh berasal dari arah baratlaut, harus mengungsi ke timur. Kalau suara berada di sebelah utara tepat, harus mengungsi ke seberang selatan (Sungai Brantas). Begitu juga kalau suara tidak karuan arah asalnya. Demikian itu kalau air kira-kira masih jauh. Adapun jika air sudah agak dekat, lebih baik mengungsi ke tempat yang agak dekat tetapi lebih tinggi, seperti: ke bukit-bukit, ke Desa Gebang dan Bendhagerit, ke masjid, ke Desa Pakunden yang sisi barat, ke Dhawuhan, Tanjungsari dan lain-lainnya. Tetapi ingatlah, arahmu jangan sampai menuju ke sungai lahar yang terletak di sebelah utara dan sebelah barat kota, karena itu termasuk jalan lahar. Dan juga ingatlah apakah tempat yang engkau tempati itu termasuk tinggi atau rendah. Kalau tinggi lebih baik jangan kau tinggalkan, hanya memanjatlah pada pepohonan beserta anak istrimu. Jika rendah segera tinggalkan (tempat itu), mengungsilah ke tempat di sekitar rumahmu yang termasuk tinggi.

wuwungan, awit sing uwis-uwis arang kang slamêt. Yen kowe arêp budhal ngili, mangka banyu wis cêdhak utawa wis têka, aja pisan-pisan lakumu kobanjurake, nuli meneka ing apa bae kang ana ing sacêdhakmu, awit mung iku kang sok bisa amitulungi umurmu.	Di tempat itu jika kebetulan ada pepohonan, segera memanjatlah yang agak tinggi. Jangan sekali-kali naik ke atap atau bubungan rumah, sebab yang sudah-sudah jarang yang selamat. Kalau kamu akan berangkat mengungsi, padahal air sudah dekat atau sudah datang, jangan sekali-kali langkahmu kau lanjutkan, segera memanjatlah pada apapun yang ada di dekatmu, sebab hanya itu yang barangkali dapat menyelamatkan umurmu.
VII. WONG NGUNGSI (NGILI)	**VII. ORANG MENGUNGSI**
Lahar durung têka, wong kang wis padha mêlek akeh kang ngili, ana kang lumayu sipat kuping, ana kang pating grendhol ambopong lan anggendhong anake, ana kang lumayu wuda, ana kang kathok thok, sawêneh ana kang ambopong bantal kinira anake. Swarane pating jlêrit, ana kang sambat-sambat, ana kang nyêluki anake kang isih keri, ana maneh kang andonga turut dalan, warna-warna swarane wong kang padha ngili. Para walanda pating blêbêr nunggang motor, [35] sadalan-dalan ambêngoki bangsane kang durung nglilir. Wong kang padha duwe dhokar ngungsi saanak bojone nganggo dhokare, swarane sambuk pating jalêdhor, kabeh	Lahar belum datang, orang yang sudah terjaga banyak yang mengungsi. Ada yang berlari *tunggang-langgang*, ada yang banyak membawa bawaan, meng-gendong dan membawa anaknya. Ada yang lari bertelanjang, ada yang hanya mengenakan celana. Ada juga yang menggendong bantal disangka anaknya. Suaranya riuh, ada yang berkeluh kesah, ada yang berteriak-teriak memanggil anaknya yang masih tertinggal. Ada juga yang berdoa sepanjang jalan. Bermacam-macam suara orang yang mengungsi. Orang-orang Belanda berhamburan mengendarai motor. Di sepanjang jalan meneriaki kawannya yang belum terbangun. Orang yang mempunyai delman

padha ngênêr mênyang panggonan kang dhuwur, kang akeh mênyang Desa Gêbang.	mengungsi dengan anak-istrinya menggunakan delmannya. Suara cambuknya berdentuman, semua mengarah ke tempat yang tinggi, kebanyakan menuju Desa Gebang.
Wong sugih-sugih sarta para sudagar Jawa lan Cina akeh kang ora ngili, amarga sumêlang yen barang darbeke dijupuki uwong. Ana kang banjur munggah ing plangitane omahe, ana kang ancik-ancik tumpukan meja, ana kang pating pêthangkrong ing uwit asêm sangarêping omahe, lan ana kang niyat pasrah jiwa raga, lungguh kursi saanak-bojone ana ing sajroning omahe.	Orang-orang kaya serta para saudagar Jawa dan Cina banyak yang tidak mengungsi, karena khawatir kalau harta miliknya diambil orang. Ada yang kemudian naik ke langit-langit rumah, ada yang berdiri diatas tumpukan meja, ada yang nongkrong di pohon asam depan rumahnya, dan ada yang bertekat berserah diri, duduk di kursi dengan anak-istrinya di dalam rumah.
Kacarita wong kang padha ngili, ana kang slamêt, ana kang kêpapagan banjire. Sarehne banyune panas bangêt, dadi sing sapa kêgêpok sathithik bae amêsthi rubuh ora bisa angglawat maneh, wêkasan katut ing lahar pisan. Dene wong kang ora ngili iya ana sing slamêt, nanging sing mati iya tanpa wilangan kehe. Ana kang saomah tumpês babar pisan, ana kang mung kari siji utawa loro, ana uga kang ilang saomah-omahe.	Diceritakan orang yang mengungsi, ada yang selamat, ada yang tersongsong banjir. Oleh karena airnya sangat panas, jadi siapapun yang tersentuh walau hanya sedikit, pasti roboh, tidak mampu bergerak lagi, akhirnya hanyut terbawa oleh lahar sekalian. Adapun orang yang tidak mengungsi ada juga yang selamat, namun yang meninggal juga tidak terhitung jumlahnya. Ada yang satu rumah habis semua, ada yang tinggal satu atau dua, ada juga yang hilang beserta rumahnya.
Wong kang padha menek ing kakayon akeh kang padha slamêt, iku kang padha wêruh lakuning banyu kanthi têrang. Meh kabeh	Orang yang memanjat pohon banyak yang selamat. (Mereka) itulah yang mengetahui jalannya air dengan jelas. Hampir semua ngeri

padha giris andêlêng, malah ana sawijining wong lanang, ba[36]rêng wêruh anake loro pisan padha katut ing lahar, ora tega andêlêng, banjur anjlog anggêbyur, tekade ambelani patining anak-anake.	melihatnya. Bahkan ada seorang laki-laki begitu mengetahui kedua anaknya terhanyut di lahar, tidak tega melihatnya, kemudian terjun menceburkan diri, berniat ikut berbela atas meninggalnya kedua anaknya.
VIII. CARITANE WONG KANG WERUH LAKUNING BANYU	**VIII. CERITA ORANG YANG MELIHAT JALANNYA AIR**
Sabubare lahar, ana wong crita mangkene: nalika aku krungu swarane banyu têka, aku ora etung, banjur menek ing wit asêm kang cêdhak omahku. Ing kono aku andêlêng têkane banyu, warnane kaya jêladren kumêlun mêtu kukuse. Sabarang kang ditrajang mêsthi rubuh utawa larut, bêgja-bêgjane mêksa jêbol. Lakune lahar mau ora kaya lakuning banyu lumrah, katone kaya kanthi anggulung. Pandêdêle ing tembok kang anggumunake. Sanajan kandêle tembok anaa saelo pisan, yen didêdêl kêna dipasthekake jêbol utawa ambruk. Omah gêdhong-gêdhong kang padha diinêb lawange, barêng kêtêndhang ing balok gêdhe-gêdhe kang katut ing lahar, padha mênga, saput prantining omah padha katut kagawa ing lahar, ora kawruhan ing ngêndi mandhêge. Bangke kewan lan uwong pating panthongol, sadhela katon sadhe[37]la ora.	Sesudah banjir lahar, ada orang bercerita demikian: ketika saya mendengar suara air datang, saya tidak berfikir panjang, langsung naik ke pohon asam yang dekat rumahku. Di tempat itu saya melihat datangnya air, warnanya seperti adonan mengeluarkan asap. Semua yang diterjang pasti roboh atau hanyut, seuntung-untungnya pasti jebol. Jalannya lahar itu tidak seperti jalannya air biasa, tampaknya seperti dengan menggulung. Desakannya ke tembok yang mengherankan. Walaupun tebalnya tembok ada satu elo sekalipun, kalau didesak dapat dipastikan jebol atau roboh. Rumah-rumah tembok yang ditutup pintunya, begitu ditendang oleh balok-balok besar yang hanyut terbawa lahar, semua terbuka, tersapu segenap perabot rumahnya, hanyut ikut terbawa lahar, tidak diketahui di mana berhentinya.

Dhek samana atiku wis êntek, kuwatir yen wit kang dakpeneki mau milu rubuh. Tujune ora, dadi aku slamêt. Barêng banyu gêdhe wis kêpungkur, aku mudhun nêdya nyatakake wujude banyu. Lagi bae pucuking jêmpole sikilku kacakan ing banyu, aku banjur bali menek maneh, awit isih panas, aku ora wani mudhun têrus. Barêng banyu wis asat, aku mudhun, anggoleki sanak sadulurku, kabeh wis ora ana, êmbuh ngili êmbuh katut lahar, nganti saprene aku durung ngrungu wartane.	Bangkai hewan dan manusia timbul-tenggelam, sebentar tampak sebentar tidak. Ketika itu hatiku sudah habis, khawatir kalau pohon yang saya panjat tadi ikut roboh. Untungnya tidak, sehingga saya selamat. Begitu air bah sudah berlalu, saya turun ingin membuktikan wujudnya air. Baru saja ibujari kakiku tersentuh air, saya kembali memanjat lagi, sebab masih panas, saya tidak berani terus turun. Setelah air kering, saya turun, mencari sanak saudaraku, semua sudah tidak ada, entah mengungsi entah terhanyut lahar, sampai sekarang saya belum mendengar kabarnya.
IX. KAHANANE ABDHELING LAN KUTHA BLITAR BAKDANE LAHAR	**IX. KONDISI AFDELING DAN KOTA BLITAR SETELAH LAHAR**
Barêng banjir lahar wis asat, wong kang isih padha slamêt padha anggoleki sanak-sanak sadulure kang ora pati adoh padunungane. Mangkono uga wong manca nagara wis wiwit ana kang têka ing kutha Blitar, ana kang anggoleki anake utawa sadulure, ana kang mung nêdya nyumurupi kahanane bae.	Setelah banjir lahar sudah kering, orang yang selamat semua mencari sanak saudaranya yang tidak begitu jauh tempat tinggalnya. Begitu juga orang manca negara sudah ada yang mulai berdatangan ke Kota Blitar, ada yang mencari anaknya atau saudaranya, ada yang hanya ingin mengetahui keadaannya saja.
Mungguh kêhanane abdhêling Blitar kêna diarani rusak. [38] Kehing padesan kang malih dadi sagara wêdhi, amarga omahe wis	Adapun keadaan afdeling Blitar dapat dikatakan rusak. Banyaknya pedesaan yang berubah menjadi lautan pasir, karena semua

katut lahar kabeh, ora kurang saka têlung puluh desa. Dene kang rusak mung saperangan bae, kurang luwih uga ana têlung puluh desa, kang mung rusak sathithik iya ana pirang-pirang desa.	rumahnya sudah terhanyut lahar, tidak kurang dari 30 desa. Adapun yang rusak hanya sebagian lebih kurang juga ada 30 desa, yang hanya rusak ringan juga ada beberapa desa.
Kutha Blitar iya klêbu rusak bangêt. Kampung Kêpanjen lor lan Sangut kang prênahe ana salore kutha sapinggire kali lahar, wus prasasat ora ana omahe kang wutuh siji-sijia. Kang akeh padha larut, kari siji loro wis ilang sipating omah. Kang isih wutuh iya wis kurugan walêt watara saelo dhuwure. Kampung Kauman lan Sukarêja, kêprênah sakulone kutha, uga sapinggire kali lahar, iya ora sapiraa bedane karo kampung saloring kutha. Dene kuthane iya kêrusakan gêdhe. Omah gêdhong gêdhe-gêdhe kagungane Kangjêng Gupêrmen, duweke landa lan cina kang sugih-sugih, toko cina lan liya-liyane akeh kang rubuh utawa gêmpal saperangan, krêtêg kali lan krêtêg sêpur iya rusak ora kêna diliwati. Ril sêpur watara ana limang pos dawane ora kêna diambah jalaran ana kang kêpêndhêm ing walêd lan ana kang larud. Karusakan ing S.S. bae dietung ana 80 ewu rupiyah. Rajabranane wong sugih-sugih, ba-rang-baranging cina kang ana ing toko [39]-toko uga akeh kang katut	Kota Blitar juga termasuk rusak berat. Kampung Kepanjen Lor dan Sangut yang terletak di sebelah utara kota di tepian sungai lahar, sudah ibarat tidak ada satupun rumah yang utuh. Kebanyakan terhanyut, tinggal satu dua sudah hilang ciri-ciri rumahnya. Yang masih utuh juga sudah tertimbun endapan kira-kira satu meter tingginya. Kampung Kauman dan Sukareja terletak di sebelah barat Kota, juga di tepian sungai lahar, juga tidak begitu jauh berbeda dengan kampung-kampung yang berada di sebelah utara kota. Adapun kotanya juga rusak berat. Rumah-rumah tembok besar dan megah milik Gupermen, milik orang-orang Belanda dan Cina yang kaya-kaya, toko Cina dan lain-lainnya banyak yang roboh atau runtuh sebagian. Jembatan sungai dan jembatan keretaapi juga rusak tidak dapat dilewati. Rel keretaapi kira-kira sepanjang 5 pos tidak dapat dilalui karena ada yang terpendam oleh endapan dan ada yang terhanyut. Kerusakan di S.S saja dihitung ada Rp. 80.000. Harta benda orang-

dening lahar. Wong sajroning kutha bae ewon kang kêtêmu kapêndhêm walêd wis dadi bathang. Cêkaking kandha kutha Blitar kurugan walêd watara satêngah metêr dhuwure.	orang kaya, barang-barang milik Cina yang berada di toko-toko juga banyak yang terhanyut oleh lahar. Orang di dalam kota saja (berjumlah) ribuan yang ditemukan terpendam endapan sudah menjadi mayat. Singkat cerita, Kota Blitar terpendam endapan lumpur kira-kira setinggi 0,5 meter..
Kêjaba barang darbeke kang ana ing omah, wong tani ing abdheling Blitar uga akeh kang kêrusakan sawahe, kang minangka dadi pangane. Ing nalika samono kang akeh-akeh sawah ing abdheling mau isih durung anjêbul, ana uga kang wis mrêkatak, nanging racake lagi mêntas bubar tandur. Mungguh kehe sawah kang kêlêban lahar pangira-irane wong akeh ora kurang saka 500 bahu. Kang mangkono iku tetela bangêt, yen jalaran banjir lahar mau ing Blitar bakal larang pangan.	Selain harta milik yang berada di rumah, para petani di afdeling Blitar juga banyak yang menderita kerusakan sawahnya, yang menjasi bahan pangannya. Pada waktu itu pada umumnya sawah-sawah afdeling Blitar belum berbunga. Ada juga yang sudah berbunga, namun pada umumnya baru habis tanam. Adapun jumlah sawah yang terendam lahar, perkiraan banyak orang tidak kurang dari 500 bau. Dengan begitu jelaslah, bahwa karena banjir lahar tersebut di Kota Blitar akan mahal pangan.
X. TUTUGE	**X. LANJUTANNYA**
Barêng wis antara rong dina asating banjir, wis wiwit akeh wong ngamanca kang padha têka ing Blitar, iya bangsa Walanda lan Cina, iya bangsa priyayi iya wong partikêlir. Ana kang nunggang motor, ana dhokar lan ana kang mlaku dharat. Saulihe saka ing Blitar banjur padha	Setelah sekitar 2 hari dari keringnya banjir, sudah mulai banyak orang luar negeri yang berdatangan ke Blitar, baik orang Belanda dan Cina, yang bangsawan, juga orang-orang swasta. Ada yang mengendarai motor, ada yang naik delman dan ada yang berjalan kaki. Sepulang dari Blitar kemudian

angadani agawe kum[40]pulan, anjaluki sumbangan dhuwit utawa panganggo marang wong kang padha ambêg darma, kanggo amitulungi wong Blitar kang padha nandhang sangsara. Kumpulan mau saya ngrêbda, nganti ing ngêndi-êndi panggonan ana, ora mung ing tanah Jawa bae, ing saindiya nedêrlan banjur akeh dadakan. Kang wujud dhuwit bae ana pirang-pirang puluh ewu rupiyah, dikirimake mênyang Blitar, kanggo nulungi marang wong kang padha kasangsaran mau. Kêjaba dhuwit, ana uga barang panganggo lan pangan arupa: bêras, jagung, katela, têmbako lan sapanunggalane. Winih katela kaspa lan katela rambat iya ana pirang-pirang cikar kang dikirimake mênyang Blitar. Ewadene sing sapa andêlêng kahanane wong kang padha nandhang kasangsaran mau, amêsthi iya isih wêlas bangêt. Kang akeh-akeh padha manggon ing gubug blarak cilik, mung kêna kanggo ngeyub lan turu ing wayah bêngi. Ana uga kang mondhok-mondhok.	(orang-orang tersebut) membuat perkumpulan, meminta sumbangan uang atau pakaian kepada semua orang yang dermawan, untuk menolong orang-orang Blitar yang mengalami derita. Perkumpulan itu semakin banyak hingga di berbagai tempat ada, tidak hanya di Jawa, di seluruh Hindia Belanda kemudian mendadak banyak. Yang berwujud uang saja terdapat berpuluh-puluh ribu rupiah dikirimkan ke Blitar, untuk menolong orang-orang yang menderita tersebut. Selain uang, ada juga pakaian dan pangan berupa: beras, jagung, ketela pohon, tembakau dan sebagainya. Benih ketela pohon dan ubi jalar juga ada beberapa delman yang dikirimkan ke Blitar. Namun begitu. siapapun yang melihat keadaan orang yang menderita tadi, pasti juga masih sangat iba. Pada umumnya (mereka) tinggal di gubuk daun kelapa yang kecil, hanya dapat untuk berteduh dan tidur di malam hari. Ada juga yang memumpang.
XI. PEPETENG LAN UDAN AWU	**XI. KEGELAPAN DAN HUJAN ABU**
Wis lumrah, pendhak ana gunung amblêdhos, mêsthi ana	Sudah wajar, setiap ada gunung meletus pasti ada hujan abu.

udan awu. Mêngkono uga dhek dina Slasa Kliwon kasêbut ing dhuwur, wiwit esuk jam 7 ing Blitar ana udan awu. [41] Saking kandeling awu kang ana ing awang-awang, srêngenge nganti ora katon. Sorote ora bisa tumêka ing bumi, mulane iku sanajan ing wayah rina, apdheling Blitar pêtêng andhêdhêt kaya bêngi. Barêng wis wayah jam sawêlas awan srêngenge lagi wiwit ketok rêmêng-rêmêng. Mungguh udan awu lan pêpêtêng mau ora ngêmungake ing Blitar dhewe, dalasan paresidhenan Basuki lan Surakarta kang prênahe wis adoh saka Gunung Kêlut mau, iya isih kêduman sawatara.	Demikian juga ketika hari Selasa Kliwon tersebut di atas. Sejak pagi pukul 07.00 di Blitar ada hujan abu. Begitu tebalnya abu yang berada di angkasa, hingga matahari tidak kelihatan. Sinarnya tidak sampai di bumi. Oleh karena itu, walau waktu siang hari, afdeling Blitar gelap gulita seperti malam hari. Setelah pukul 11.00 siang matahari baru mulai kelihatan remang-remang. Adapun hujan abu dan kegelapan itu tidak hanya khusus di Blitar, karesidenan Besuki dan Surakarta yang letaknya jauh dari Gunung Kelut pun, juga masih kebagian sedikit.
Ing dina iku wong ing pakampungan lan ing padesan padha bingung gegeran. Kabeh padha agawe obor, lampu-lampu padha disumêti kaya dene ing wayah bêngi. Kang ora duwe lênga padha mênyang warung, malah ana kang anggoleki toko kang isih slamêt. Dhek samana wong adol lênga akeh bathine. Lênga sacanthing kang adate rêga rong sen, bisa payu limang sen, malah ana kang ngêdol nganti sakêthip.	Pada hari itu orang di perkampungan dan pedesaan gempar kebingungan. Semua membuat obor, lampu-lampu dinyalakan seperti halnya waktu malam hari. Yang tidak memiliki minyak (tanah) pergi ke warung, bahkan ada yang mencari toko yang masih selamat. Pada waktu itu penjual minyak banyak keuntungannya. Minyak satu canting yang biasanya berharga 2 cen dapat terjual 5 cen bahkan ada yang menjualnya hingga 1 kethip.
Kacarita ana sawijining cina kang tokone slamêt ora rusak dening banjir. Wis mêsthi bae wong pirang-pirang puluh kang	Dikisahkan ada salah seorang Cina, yang tokonya selamat tidak rusak oleh banjir. Sudah pasti berpuluh-puluh orang

butuh lênga mau padha marani mrono, nêdya tuku lênga lan liya-liyane. Barêng si cina wêruh wong pirang-pirang padha ngadêg ing sangarêping tokone: wêdi, ngira yen arêp dikampak, mulane lawange malah diinêp lan dikancing. Wong pirang-pirang mau padha nêpsu, tokone banjur disawati sarta gê[42]byoge didhodhogi. Ora suwe ana pulisi têka, anakoni wong kang padha ngadêg ana ing kono. Barêng tetela yen karêpe wong mau mung arêp padha tuku lênga bae, pulisi banjur akon ambukak tokone cina mau. Barêng wis dibukak, kumrubut wong kang padha tuku lênga, sadhela wis êntek limang bleg, andadekake kauntungane si cina.	yang membutuhkan minyak tadi mendatangi tempat itu, ingin membeli minyak dan lain-lainnya. Begitu orang Cina tersebut melihat banyak orang berdiri di depan tokonya, (dia) takut, mengira akan dikampak, maka pintunya malah ditutup dan dikunci. Orang-orang tadi menjadi marah, tokonya kemudian dilempari serta dindingnya digedor-gedor. Tidak lama kemudian ada polisi datang, menanyai orang-orang yang berdiri di tempat itu. Begitu diketahui bahwa tujuan orang-orang tersebut hanya mau membeli minyak (tanah), polisi kemudian memerintahkan kepada Cina tadi untuk membuka tokonya. Setelah (toko) dibuka, berebut orang yang membeli minyak. Sekejap sudah habis 5 kaleng, menjadikan keuntungan bagi si Cina.
XII. KACILAKAN KANG NGERES-ERESI	**XII. BENCANA YANG MEMILUKAN**
Sabakdaning lahar, katêmahaning kacilakan bangêt agawe ngêrêsing ati. Ana bangkene wong wadon ngrangkul anake isih cilik. Wangune wong iku randha, anake mung siji. Barêng wêruh banyu têka, anyipta yen wis ora bisa angendhani babaya, mulane	Setelah terjadinya lahar, akibat dari bencana (tersebut) sangat memilukan hati. Ada mayat seorang wanita memeluk anaknya yang masih kecil. Tampaknya orang itu adalah seorang janda, anaknya hanya satu. Begitu mengetahui air datang, berpikir bahwa sudah

banjur ngrangkul anake, pasrah jiwa-raga, nganti dadine bangke wong wadon mau isih katon asih wêlase marang anake. Ana maneh bangkening wong wadon ngadêg sumendhe ing wit asêm karo ngêmut darijine. Wangune wong iku bangêt susahe nalika ngrungu swaraning banyu. Mikir-mikir ênggone arêp anyingkiri babaya karo nyokot darijine. Wusana barêng banjir têka, kamitênggêngên ora bisa obah, mu[43]lane kaya mêngkono dadine bangke. Ana maneh bangke kang timpuh asêdhakêp. Wangune wong iku nalika ngrungu swarane lahar, banjur sêmbahyang, angêningake cipta, ora maêlu têkane banjir. Ana pirang-pirang bangkene wong kang padha kêsangsang ing barongan ori lan ing panggonan liya-liyane.	tidak bisa menghindari bencana, maka kemudian memeluk anaknya, berserah jiwa raganya, hingga menjadi mayat wanita itu masih tampak kasih sayangnya kepada anaknya. Ada lagi mayat seorang wanita berdiri bersandar di pohon asam sambil mengulum jarinya. Tampaknya orang itu sangat sedih ketika mendengar suara air. (Dia) cerfikir caranya untuk menghindari bencana dengan menggigit jarinya. Akhirnya begitu banjir datang, (dia) terpaku tidak dapat bergerak, maka seperti itulah jadinya mayat. Ada lagi mayat yang duduk bersimpuh bersedekap. Tampaknya orang itu ketika mendengar suara lahar, lalu bersembahyang, mengheningkan cipta, tidak menghiraukan datangnya banjir. Ada banyak mayat manusia yang tersangkut di rerimbunan bambu ori dan di tempat-tempat lainnya.
Kêjaba iku, ana pirang-pirang kang urip, nanging awake utawa sikile wis padha mlonyoh kaya kêna banyu wedang. Iku padha diupakara dening dhoktêr, nanging meh kabeh ora bisa kêtulungan.	Selain itu, ada beberapa yang hidup, tetapi badannya atau kakinya sudah mengelupas seperti terkena air panas. (Mereka) itu dirawat oleh dokter, tetapi hampir semuanya tidak dapat ditolong.
Wartane wong kang mati dening babaya lahar Slasa Kliwon mau ora kurang saka sapuluh ewu, malah ana kang ngabarake nganti sekêt ewu. Dene bathanging raja	Kabarnya, orang yang meninggal akibat bencana lahar Selasa Kliwon tersebut tidak kurang dari 10.000, bahkan ada yang mengabarkan hingga 50.000. Adapun bangkainya

kaya lan sato iwen tanpa wilangan kehe.	hewan piaraan dan unggas tidak terhitung banyaknya.
XIII. PANGUNGSEN KANG AMBABAYANI	**XIII. PENGUNGSIAN YANG MEMBAHAYAKAN**
Wiwit jaman kuna makuna, yen ana lahar, wong Blitar akeh kang padha ngili menyang pasareyan lan kuburan. Mangkono uga dhek lahar Slasa Kliwon iku. Kang mangkono mau êbuh prayoga êmbuh ora, nyatane sing uwis-uwis padha [44] slamêt, ananging nalika lahar kang kari iki akeh kang larut padha mati ana ing kuburan, dalasan maesan iya akeh kang larut digawa lahar. Mulane yen besuk ana lahar maneh aja kumandêl marang pasareyan utawa kuburan. Sanajan ngilia mrono iya kudu ikhtiyar maneh, menek ing kakayon gêdhe kang kukuh, aja menek ing wit kamboja sapapadhane, awit iku gampang pêpêse yen kêlêban lahar panas.	Sejak jaman dahulu kala, kalau ada lahar, orang Blitar banyak yang mengungsi ke makam dan kuburan. Begitu juga ketika lahar Selasa Kliwon tersebut. Yang demikian itu entah baik entah tidak, kenyataannya yang sudah-sudah umumnya selamat. Akan tetapi, ketika lahar yang belakangan itu banyak yang hanyut dan mati di kuburan, serta nisan juga banyak yang hanyut terbawa lahar. Maka dari itu, jika kelak ada lahar lagi jangan begitu percaya (pada kekeramatan) makam atau kuburan. Walaupun mengungsi ke tempat itu, juga harus berusaha lagi, memanjat pohon besar yang kuat. Jangan memanjat pada pohon kamboja dan sejenisnya, sebab (pohon) itu mudah layu kalau terbenam lahar panas.
XIV. RAMENE WONG KANG PADHA NYAMBUT GAWE ING KUTHA SABAKDANE LAHAR	**XIV. KERAMAIAN ORANG YANG BEKERJA DI KOTA SETELAH LAHAR**
Sabubare lahar ana wong pirang-pirang ewu kang padha nyambut gawe ing kutha Blitar, kang akeh saka ing desa-desa,	Sehabis bencana lahar ada ribuan orang yang bekerja di Kota Blitar. Kebanyakan (mereka) berasal dari desa-desa. Ada juga

ana uga kang saka nagara liya. Ana kang ngêruki walêd ing sajrone omah lan toko-toko, ana kang padha ngêruki kalen kang padha kêtutupan walêd, ana kang dandan-dandan omah, ana kang ngêruki dalan kang kêwalêdan lan liya-liyane, kabeh padha oleh opah samurwate. Pirang-pirang atus saradhadhu kang têka saka ing nagara liya padha nulungi ngêruki dalan, lan anglumpukake bangke kang padha kêpêndhêm ing walêd. [45] Bangke mau dicikari, dipêndhêm ing panggonan kang kiwa. Pamêndhême ora kaya lumrahe wong mati, bangke lima nêm didadekekake saluwangan, amarga saking akehe.	yang berasal dari negara lain. Ada yang mengeruk endapan lahar di dalam rumah dan toko-toko. Ada yang mengeruk parit yang tertutup endapan. Ada yang memperbaiki rumah. Ada yang mengeruk jalan yang tertimbun dan lain-lain. Semua mendapatkan upah sepantasnya. Beratus-ratus serdadu yang datang dari Negara lain, semua menolong mengeruk jalan, dan mengumpulkan mayat yang tertimbun oleh endapan lahar. Mayat-mayat tersebut dimuat di gerobak, dikubur di tempat yang tersisih. Menguburnya tidak seperti layaknya mengubur jenazah pada umumnya. mayat lima-enam dijadikan satu lubang, karena terlalu banyak.
Dene kang andandani krêtêg sêpur sing rusak, kabeh wong ing bingkil S.S. kang wis kulina bangêt nyambut gawe andandani barang wêsi, mulane ora sapiraa lawase wis bisa rampung. Wong ngêruki ril kang padha kêpêndhêm akeh bangêt, mulane rile iya êndang kêna diambah maneh. Dene kang andandani krêtêge kali lahar lan kali liya-liyane kang padha larut, saradhadhu tukang (genie) mulane ora nganti rong minggu iya wis kêna diliwati kaya adate. Mung dalan-dalan ing kutha, saking kehe lan kandêling walêd, nganti watara	Adapun yang memperbaiki jembatan kereta yang rusak, semua orang dari bengkel S.S yang sudah sangat terbiasa bekerja memperbaiki benda besi. Oleh sebab itu tidak begitu lama sudah dapat selesai. Orang yang mengeruk rel yang tertimbun sangat banyak sehingga relnya juga segera dapat dilalui lagi. Adapun yang memperbaiki jembatan sungai lahar dan sungai-sungai lainnya yang terhanyut tukang prajurit (Genie). Oleh karenanya tidak sampai 2 minggu juga sudah dapat dilalui seperti biasa. Hanya jalan-jalan

sasasi durung rampung. Cikar kang ngusungi walêd swarane pating glodhag. Dalan-dalan ing kutha dadi ciyut, amarga kiwa têngêne kêbak tumpukan walêd kang dhuwure watara sadêdêg. Walêd mau diusungi nganggo cikar lan dibuwangi ing kali lahar.	di kota, oleh karena begitu banyak dan tebalnya endapan lahar, hingga sekitar satu bulan belum selesai. Gerobak yang mengangkut endapan lahar suaranya keras. Jalan-jalan di kota menjadi sempit, sebab kanan kirinya penuh tumpukan endapan lahar yang tingginya mencapai setinggi orang berdiri. Endapan tersebut diangkut memakai gerobak dan dibuang di Sungai Lahar.
XV. KALI LAHAR	**XV. SUNGAI LAHAR**
Kali lahar iku yen mangsa katiga banyune cilik bangêt, nanging bêning kêna dianggo adus. Ing mangsa rêndhêng rada gê[46] dhe, nanging buthêk amarga banyu udan saka ing Gunung Kêlut akeh kang anjog ing kali mau.	Sungai lahar itu kalau musim kemarau airnya sangat kecil, namun jernih, bisa untuk mandi. Pada musim penghujan (airnya) agak besar, tetapi keruh karena air hujan dari gunung Kelut banyak yang masuk ke sungai tersebut.
Sadurunge lahar Kêmis wage tahun 1901 jurange kali mau jêro bangêt, watara ana sapuluh meter, sarta akeh bangêt watune kang gêdhe-gêdhe, malah ana kang gêdhene salumbung-lumbung. Nanging sabubare lahar Kêmis Wage: dadi warata, katon kaya sagara wêdhi, watu-watune ora kasat mata, êmbuh katut dening lahar, êmbuh kêpêndhêm ing walêd.	Sebelum lahar Kamis Wage tahun 1901 jurang Sungai Lahar sangat dalam, kira-kira 10 meter, serta sangat banyak batu-batu besar bahkan ada yang besarnya sebesar lumbung. Akan tetapi, setelah lahar Kemis Wage (sungai tersebut) menjadi rata, tampak seperti lautan pasir. Batu-batunya tidak tampak, entah terhanyut oleh lahar entah tertimbun oleh endapan lahar.
Salêbare lahar ing tahun 1919 iki, kali mau dak dêlêng jêro maneh, nanging ora amba kaya biyen.	Setelah lahar tahun 1919 ini, sungai itu terlihat dalam lagi, tetapi tidak lebar sepeti dahulu.

Watu-watune iya ana, nanging iya ora pati akeh. Mungguh watu-watu mau ana kang ngarani watu anyar, yaiku watu saka ing dhuwur katut dening lahar, ana kang ngarani watu lawas katon maneh. *Kandhane wong tuwa-tuwa, pancen wiwit kuna makuna kali mau dalane lahar saka Gunung Kêlut, mulane diarani Kali Lahar. Dhek jaman kuna kali mau amba lan jêro bangêt. Amarga saka kêrêpe diambah lahar, lawas-lawas owah sipate kang sakawit.*	Batu-batunya juga ada, tetapi tidak begitu banyak. Adapun batu-batu tersebut tadi ada yang mengatakan itu batu baru, yaitu batu dari atas hanyut terbawa lahar. Ada yang mengatakan batu lama tampak lagi. Kata orang-orang tua, memang sejak dahulu kala sungai tersebut merupakan jalan lahar dari Gunung Kelut, maka disebut Sungai Lahar. Pada zaman dahulu kala sungai tersebut lebar dan sangat dalam. Oleh karena begitu seringnya dilalui lahar, lama-kelamaan berubah sifatnya dari yang semula.
XVI. WONG ALA	**XVI. ORANG JAHAT**
Wis lumrah sabên ana lahar utawa mêntas ana lahar, a[47]keh omah disuwungake, kang duwe padha ngili, arang kang ngelingi marang barang darbeke. Mangkono iku andadekake bungahe wong ala kang padha nedya nyonyolong. Sanajan wong ala mau iya padha wêruh yen lahar iku ambabayani, ewa samono nitik ilanging raja branane wong sugih-sugih, tetela yen wong ala mau ngiline karo nyambi anjupuki barang darbeking liyan kang pangaji. Kêrêp bae ana wong kandha marang aku mangkene: "dhek lahar kae, upama aku ninggala omah, amêsthi êntek-êntekan. Barêng rame-ramene	Sudah wajar setiap ada lahar atau sehabis ada lahar, banyak rumah dikosongkan. Pemiliknya mengungsi. Jarang yang ingat terhadap harta miliknya. Demikian itu membuat senang para orang jahat yang berkeinginan untuk mencuri. Walau orang jahat itu juga tahu kalau lahar itu membahayakan, namun begitu terbukti dari hilangnya harta kekayaan para orang kaya, menunjukkan bahwa para orang jahat tersebut dalam mengungsi sambil mengambil barang-barang milik orang lain yang berharga. Sering sekali ada orang berkata pada saya (penulis naskah PRK) begini: "Ketika

wong padha anggawa oncor arêp ngili, aku mlêbu sênthong ancik-ancik tumpukan meja. Ora suwe dumadakan ana wong loro mlêbu omahku, thingak-thinguk arêp ambukak lêmari. Barêng andêlêng aku mêtu saka sênthong anggawa pêdhang dawa, playune sipat kuping. Wangune banjur nglêboni omahe kang Truna, tandhane dhek wingenane aku ngrungu kabar, yen kang Truna mêntas kêmalingan dhuwite têlungatus rupiyah lan barang mas intên pangaji limangatus rupiyah. Mulane ing besuk maneh yen kowe nêdya ngili adoh, gêmbokên lawange omahmu.	lahar waktu itu, seandainya saya meninggalkan rumah, sudah pasti habis-habisan. Bersamaan dengan ramainya orang membawa obor akan mengungsi, saya masuk senthong (kamar) berpijak pada tumpukan meja. Tidak lama kemudian ada dua orang masuk ke rumahku, tengak-tengok akan membuka almari. Begitu melihat saya keluar dari kamar membawa pedang panjang, (mereka) lari tunggang-langgang. Tampaknya kemudian masuk rumah Kang Truna. Buktinya kemarin lusa saya dengar kabar kalau kang Truna habis kecurian uangnya Rp 300,- dan benda emas intan seharga Rp. 500,-. Maka kelak jika kamu ingin mengungsi jauh, kuncilah pintu rumahmu.
[48] XVII. GEGERAN TANGGAL 7 JUNI	**XVII. KEKACAUAN TANGGAL 7 JUNI**
Dhek tanggal 7 juni tahun 1919 iki, ing kutha Blitar ana gegeran maneh. Mungguh kang gawe geger mau ora liya iya bajingan kang gawene ngutil, mangkene wiwitane: ana saradhadhu watara sapuluh kehe padha ngilekake banyu, nêdya dianggo ngrêsiki kalen-kalen kang ana ing sakiwa-têngêne pakunjaran. Sarehne têkane banyu mau rada gêdhe tur turut dalan,	Pada tanggal 7 Juni 1919, di Kota Blitar ada kekacauan lagi. Adapun yang membuat kacau tadi tidak lain adalah para bajingan yang pekerjaannya mengutil. Demikian permulaannya: Ada kira-kira 10 orang serdadu meng-alirkan air, akan digunakan untuk membersihkan selokan-selokan yang berada di sekitar rumah tahanan. Oleh karena datangnya

mulane katone kaya banjir lagi têka. Bajingan kang padha wêruh têkane banyu mau banjur padha nêdya agawe gegeran, supaya gampange olehe bakal anjupuki baranging liyan. Wong mau nuli padha lumayu karo alok: lahar-lahar. Ana lahar têka, ana lahar têka. Wong Blitar kang dhasar isih padha kanji, barêng ngrungu têmbung mangkono, banjur mlayu nunjang palang, gumrudug ana kang mênyang mêsjid, ana kang mênyang Gêbang, ana kang mênyang sakidule dalan sêpur, warna-warna parane playune uwong.	air tersebut agak besar dan melalui jalan, maka tampak seperti banjir baru datang. Bajingan yang melihat datangnya air tersebut kemudian berniat membuat onar agar mudah dalam mengambil barang milik orang lain. Orang tersebut kemudian berlari sambil berteriak-teriak lahaaar…. Lahaaar…..Ada lahar datang, ada lahar datang. Orang Blitar yang memang masih trauma, begitu mendengar perkataan tersebut, lalu berlarian tunggang langgang, berbondong-bondong ada yang ke masjid, ada yang ke Gebang, ada yang ke sebelah selatan jalan kereta, bermacam-macam arah pelarian orang.
Kocapa wong ing pasar, barêng wêruh wong padha mlayu, sakal sirêp, padha anilingake swara swara wong kang padha mlayu mau. Barêng wis padha tetela pangrungune, banjur pating blêbêr padha mlumpat pagêr kawat kang angubêngi pasar, ora mikir suweking pa[49]nganggo lan ilanging barang dagangane, ciptane mung arêp angungsekake umure.	Tersebutlah orang di pasar, begitu melihat orang berlarian, seketika hening, semua mendengarkan suara orang yang berlarian tersebut. Setelah jelas pendengarannya, lalu berhamburan melompat pagar kawat yang mengelilingi pasar, tidak memikirkan sobeknya pakaian dan hilangnya barang dagangannya. Pikirannya hanya akan mengungsikan umurnya.
Kusir dhokar swarane pating brêngok, jarane padha disambuki sarosane, sêdyane arêp mulih ngusung anak bojone, mulane sadalan-dalan yen diêndhêg uwong arêp ditunggangi ora ana kang	Kusir delman suaranya bersautan, kudanya dicambuk sekuat tenaga, tujuannya akan pulang mengangkut anak istrinya. Maka sepanjang jalan kalau dihentikan orang akan ditumpangi

gêlêm mandhêg, malah disêroni panyambuke. Polahe wong kutha kaya gabah diintêri. Suwe-suwe wong ing sakiwa-têngêning kutha iya katut milu bingung. Saradhadhu kang nglakokake banyu mau, barêng wêruh wong sapirang-pirang padha mlayu, iya milu gugup, ngira yen bakal ana lahar maneh, mulane banjur padha menek ing wit asêm kang ana ing sakiwa-têngêning dalan.	tidak ada yang mau berhenti, bahkan diperkuat cambukannya. Perilaku orang kota tidak karuan, seperti padi ditampi. Lama-kelamaan orang di sekitar kota juga ikut bingung. Prajurit yang mengalirkan air tadi, setelah mengetahui banyak orang berlarian, juga ikut gugup, mengira kalau akan datang lahar lagi, maka kemudian memanjat pohon asam yang berada di kiri-kanan jalan.
Kacarita polahe banjingan, ngetan ngulon sêngkut ênggone ngangkuti dhuwit kang ditinggali mlayu, malah ana kang mangguli bangkelan lan cita. Barêng wis oleh akeh banjur padha lumayu anggendring.	Tersebutlah perbuatan para bajingan, kesana-kemari cekatan dalam mengangkut uang yang ditinggal lari, bahkan ada yang memanggul bangkelan dan kain. Setelah mendapat banyak kemudian melarikan diri.
Suwe-suwe pulisi ngêrti, yen gegeran mau panggawene wong ngutil kaya kang uwis-uwis, mulane banjur padha diawasake, kang tetela nêdya anjujupuk, banjur padha dicêkêli, lan dilêbokake ing pakunjaran. Sasirêping geger, tetela yen akeh bangêt wong kang kapitu[50]nan. Ing sajroning pasar bae kang ilang kira-kira ana pangaji têlungewu rupiyah, arupa barang lan dhuwit.	Lama-lama polisi mengetahui, kalau kekacauan tadi perbuatan orang ngutil seperti yang sudah-sudah, maka kemudian diawasi, yang jelas-jelas akan mencuri ditangkap dan dimasukkan penjara. Setelah situasi tenang, terbukti banyak sekali orang yang rugi. Di dalam pasar saja yang hilang kira-kira ada seharga Rp. 3.000 berupa barang dan uang.
Esuke banjur dibêndheni, mangkene surasaning unine wong kang nabuh bêndhe: wiwit saiki aja padha miris maneh, aja kelu loke bajingan kang padha nêdya golek	Kemudian pagi harinya diberi pengumuman dengan tengara pemukulan bende. Demikian suara orang yang memukul bende: “mulai saat ini jangan ada rasa

asil, aja mlayu yen ana gegeran. Yen ana lahar têka maneh, nagara bakal aweh têngara titir lonceng. Dadi sawayah-wayah ana titir lonceng saka lor padha ngilia. Yen ora ana mangkono, aja pisan-pisan ninggal omah lan barang daganganmu.	takut lagi. jangan terpengaruh pada suara penjahat yang bertujuan mencari keuntungan, jangan berlari kalau ada kekacauan, kalau ada lahar datang lagi, pemerintah akan memberi tanda *titir lonceng* (pukulan lonceng bertalu-talu). Jadi sewaktu-waktu ada *titir lonceng* dari utara, semua harus mengungsi. Kalau tidak ada begitu, jangan sekali-kali meninggalkan rumah dan daganganmu.
Wiwit ing dina iku kutha Blitar têntrêm maneh.	Mulai hari itu Kota Blitar kembali tenteram.
XVIII. WONG BLITAR PADHA MIRIS	**XVIII. ORANG BLITAR KETAKUTAN**
